


MWARI ACHIZVIZIVISA PACHAKE

KUBUDIKIDZA NEHUNHU HWAKE

 Ndaita sokushamisika kuona shamwari yangu, Joseph Boze, apo, uye ndatendeuka ndikatora kanguva kaduku kuti ndikwazise ruwoko rwake.

² Ngativhurei zvino muShoko raMwari, kuna vaHebheru, chitsauko 1. Ndinoda kuverenga, chikamu, ndima 1, 2, ne 3, kuti titore chidzidzo chamanheru ano.

Mwari, wakataura munguva dzakare kuna madzibaba nevaporofta nemigove uye nemitovo mizhinji,

Zvino pakupedzisira kwamazuva ano wakataura kwatiri neMwanakomana wake, waakaita mudyi wenhaka yezvinhu zvose, waakaitavo naye nyika;

Iye ari muchadzera chokubwinya kwake, nomufananidzo wechimiro chake iye chaicho, unotakura zvinhu zvose neshoko resimba rake, paakanga . . . akagara kurudyi rwohuMambo kudenga;

³ Ngatikotamise misoro yedu zvino tinamate. Uye zvino muHupo hwaKe hwaMwari, kana uine chikumbiro chipi zvacho chaunoda kuti iYe azive, ungasimudza here ruoko rwako, uye ndicho chikumbiro chako, icho Mwari acha . . .

⁴ Baba vedu voKudenga, tiri kuuya zvino kumusoro pamberi pechigaro cheNyu chehumambo, nokutenda nemuZita raJesu Kristu, Mwanakomana weNyu. Uye takapiwa kuvimbiswa uku, kwokuti, “Kana tikakumbira chipi kana chipi muZita raKe, chinoitwa.” Uye iMi munoziva zvishuwo zvedu nezvatiri kuda, uye iMi makavimbisa kuti Muchatipa zvose zvatiri kuda. Saka, Baba, tinonamata sezvaMakatidzidzisa, “Umambo hweNyu ngahuuye. Kuda kwenyu ngakuitwe panyika, sezvazviri Kudenga.” Kutu chikumbiro chedu, manheru ano, chive maererano nechishuvo cheNyu chokuchipa, uye tipeiwo mikana iyi. Zodzai Shoko, Ishe, nevose vatauri nevacharinzwa, uye Mweya Mutsvene ngauuye ugova iwo muiti weShoko, manheru ano, pakati pedu. Nokuti izvi tinozvikumbira nemuZita raKe. Ameni.

Garai henyu pasi.

⁵ Mangwana mangwanani, ndinokunzwisisa, kwokuti kune kudya kwemangwanani kweFull Gospel Business Men. Kazhinji, pavanoita musangano, ndine mukana wekutaura pakudya kwavo kwemangwanani. Kusvika panguva ino, ndiro sangano roga, iro harisi sangano, asi, boka roga ini—ini randiri nhengo

yaro, ndere Christian Business Men. Uye zvino ndinotaura ndakavamiririra, pasi rose.

⁶ Zvino, manheru ano, tinovimba kuti kuungana uku hakuzovi pasina. Ndauya kwamuri, ndakaneta, pahuro pangu pakaparara, uye ndakatambira kachikosoro kaduku, kubva . . .

⁷ Ndabva kuTucson uko kwakanaka kwazvo uye kwakaoma, uye ndauya kuno uye kwakanaka kwazvo pamwe nokunyorova, saka pane kusiyana chaiko. Kana imi mose mune mvura yose kuno, kana maingoitumirawo nekwehu, taizvikoshesa. Asi hamukwanisi kudaro, ndicho chokwadi.

⁸ Asi ndinokuudzai chinhu chimwe chete, pane nyaya yomuenzaniso iri ipapa. Zvinhu zvedu—zvedu—zvedu zvose zviru muArizona, miti yedu, yakazara neminzwa. Zvinhu zvose zvine munzwa. Nokuda kwekuti kwakaoma. Zvino kana gwenzi rimwe chete iroro rikamera kuno, rinenge rine shizha kwaro rakaisvonaka. Munoono, nokuti harina mvura, ndicho chikonzero richiva munzwa.

⁹ Zvino kana chechi ikange ichisina Mvura yoUpenyu, inooma pamwe nokubaya, zvakare, ichibaya nokurova zvinhu zvose. Asi apo panoyerera mvura dzoUpenyu, inozarura shizha zvoita kuti inyorovere, yakapfava uye nokutapira, tsvene uye ichigamuchirika kuna Mwari. Saka dai Ishe Mwari vatidiridzira, manheru ano, kuti tisava minzwa; asi tive mashizha akanaka anoita kuti vakarasika vagare pasi pomuti wemunvuri wedu vagawana zororo kumweya yavo.

¹⁰ Zvino ndinoda kutora musoro wenyaya, manheru ano, kana Ishe vachitendera, uye ndiri kudhonza maikirofonu iyi duku pedyo neni pandinokwanisa, nokuda kwekuti handina inzwi. Ndinoda, kubva pakuverenga uku muna vaHebheru 1:1, ndinoda kutora musoro wokuti: *Mwari Achizvzivisa PachaKe Kubudikidza Nehunhu HwaKe*. Regai ndizvidzokorore zvakare izvozvo, nokuti ndinoziva kuti kunzwicka uku kweruzha pano kwakashata. Mwari anozvzivisa pachaKe kubudikidza nehunhu hwaKe.

¹¹ Zvino, zvinhu zvizhinji zvinozivikanwa nehunhu hwazvo. Uye ndine Magwaro mashoma pano ayo andinga . . . nechinyorwa, zvandingada kutaura nezvazvo. Zvino, hunhu hwechinhu hunozivisa izvo zvachiri.

¹² Uye, sezviri muzvisikwa zvose, maruva anozivikanwa, kazhinji, nehunhu hwawo. Kana ari pedo napedo, mhando imwe neimwe, hunhu hweruva iroro ndihwo hunoratidza kuti iruva ripi. Uye muupenyu hwemhuka dzesango, kazhinji . . .

¹³ Ndi—ndiri muvhimi. Uye unofanira kuziva kamuitiro kemhuka yauri kuvhima, kana kuti dzimwe nguva unogona kunyatsonyengereka. Sokuti, seMakwai Emumatombo uko kumusoro kuBritish Columbia. Ndakanga ndiri zasi kweYukon

mumatsutso apfuura, hama dzakati kuti dziri pano dzakanga dzineni, uye takange tichivhima.

¹⁴ Zvino kana wanga usingazivi mutsauko, kana waironda matsimba ehwai kana nondo, waisagona kuona mutsauko kunze kwokunge wanga uri muvhimi akangwara. Nokuti, dzinoita muhwezva wematsimba wakafanana; dzinoita zvokusvetuka padzinotiza. Zvino ipapo ukaona imwe yacho yakamira nechekure, musoro wayo wakavanda, handiti, iwe—iwe haungatombosivi mutsauko. Dzakada kuenzana; nechepachiuno apa zvichienda kuchidya, pachena, sezvakangoita nondo. Zvakaoma kwazvo kudzipatsanura. Asi nyanga dzaro ndidzo dzinozivisa zvariri, nenyanga dzacho. Gwai rine nyanga dzakamonyoroka, asi nondo ine nyanga dzinobuda kunze. Uye chimwe chinhu, nondo haiende mudenga makadaro, kunofura.

¹⁵ Uye zvino mbudzi, ichifamba, zvakare, pane mamwe maitiro ari mumbudzi, negwai, zvokuti unofanira kuti uzive mutsauko uri padziri, kana uri kumusoro kwakakwirira, nokuti dzese dziri mbiri dzinogara mudenga mugomo. Unofanira kuziva musiyano. Asi kana ukacherechedza, mbu—mbudzi inofamba ichiita sokukamhina; apo, gwai rinoita sokugadzika makumbo aro sezvizi, parinenge richifamba. Maitiro arinoita matsimba aro. Unokwanisa kuziva mhuka yako nehunhu hwemaitiro ayo, nemazvibatiro ayo, nezvainodya, uye nezvese. Inozivisa nehunhu hwayo. Uye zvino ukasvetuka imwe, wotarisa zvainoita, unokwanisa kuziva nemafambiro adzinoita. Unokwanisa kuziva nekamuitiro ikako kemhuka dzakasiyana-siyana.

¹⁶ Zvino makambocherechedza here, handizivi kuti munatwo kuno here kana kuti kwete, hohodza; zvakana, jesa ndiro zita radzo chairo, uye negwenure. Shiri inonzi gwenure yakada kuenzana nehohodza. Uye ukadziona dziri mbiri dzichibhururuka, dzose dziri mbiri ishiri dzakada kuita dzorudzi rumwe chete. Kana usingaoni ruvara rwadzo, asi wongdzitarisa, unokwanisa kuona kuti hohodza ndeipi. Shiri yerudzi rwegwenure inobhururuka, zvakada kuti, twasukei. Asi hohodza, pakufambisa mapapiro ayo; painenge ichifambisa mapapiro ayo, inodzika uye yokwira, yodzika pasi uye yokwira. Munoono, inozviita ichisvetuka, saizvozvo, uye unokwanisa kuona kuti ndiwo muitiro wehohodza, nemabhururukiro ainoita.

¹⁷ Kana mukacherechedza chi—chihuta pachinobuda, maitiro pachinokwira mudenga. Uye zvino ukatarisa kana uri mubani, umo munogona kunge muine chihuta, uye ne—uye nesnipe. Imi vavhimi munozvivisa izvozvo. Shiri yeWilson snipe neyejacksnipe, dzinozivivisa nemabudiro adzinoita uye maendero adzinoita. Dzinovikanwa nemaitiro emabhururukiro adzo, kuti rudzi rwupi rweshiri. Nokudaro,

kana ukangodzinzwa, unokwanisa kuziva kuti ishiri rudzii, mabudiro ainoita, zvairi, nemaitiro emabhururukiro ayo.

¹⁸ Somunhurume nomunhukadzi. Vari vaviri vanhu, asi mudzimai ane hunhu hwakasiyana nehwemurume. Ndaiverenga pano, imwe nguva yapfuura, pamusoro paSoromoni namambokadzi. Handisati ndambosvika pakukwanisa kuparidza kaMharidzo kangu kaduku pano, kwamuri, pamusoro pamambokadzi weZasi, akauya kuzoona Soromoni, uye achiona chipo chiya chokunzvera. Ndaiverenga pamusoro paizvozvo, pano kwete kare zvakanyanya, uye vakataura, kuti, “Chimwe chezvinhu zvakaoma chakaiswa pamberi paSoromoni, chaiva chokuti, mambokadzi uyu akatora mudzimai, kana kuti madzimai, waro, akavapfekedza semunhurume.”

¹⁹ Zvino, izvi zvakanga zviri zvinhu zvisingazivikanwi muzuva iroro, asi zviokwazvo ndizvo chaizvo zviriko, nhasi. Uye— uye munoziva kuti zvakatsveyama. Bhaibheri rakati mudzimai haafaniri kudaro. “Chinyangadzo kuti mudzimai apfeke hanzu yakafanana neyemurume.” Uye Mwari asingashanduki wakataura kudaro, saka ichokwadi.

²⁰ Saka tinoona zvino kuti Soromoni, paakati achingovatarisa, akavaita kuti vafambe kana kuita chimwe chinhu, uye pakarepo akabva ati, “Madzimai aya.” Munooona, akakwanisa kuziva nemaitiro emudzimai uyu, mazvibatiro aaiita, kuti aiva mudzimai kwete murume.

²¹ Uye zvino ndizvo zvazviri pazvinhu zvizhinji, nehunhu hwazvo. Sezvazvakaita kuti vanhu vazhinji vanoshandisa ruoko rweruboshwe, uye ruoko rwerudyi. Vane kamuitiro kemazvibatire avanoita. Unokwanisa kuziva kuti munhu anoshandisa ruoko rwerudyi kana rweruboshwe, nemazvibatiro avanoita, pamatorero avanoita zvinhu pese neruoko urwu rworuboshwe kana rworudyi.

Uye rangarirai, Jesu akanga aine zvimwe zvakadaro, zve . . .

²² Maoko maviri akangoda kuti . . . Akafanana. Ane madhindiro echara akafanana, madhindiro eminwe, minwe mishanu; muduku, chinongedzo, nezvakadaro. Sezvakaita ruoko rweruboshwe neruwoko rworudyi ane minwe yakafanana, pane zvinotarisirwa, maoko akaenzana, nemazvo. Uye mutsauko bedzi uripo, paari, ndowekuti rumwe ndorweruboshwe rumwe nderworudyi. Ndiwo wega mutsauko waunogona kuziva nawo. Rumwe ndorweruboshwe, rumwe ndorwerudyi.

²³ Saka zvino mune izvozvo, Jesu akati . . . Ndingangodonzvera chinhu chiduku pano. Jesu akataura, muna Mateo 24, kuti, “Hunhu hweMweya huchange hwakada kufanana mumazuva okupedzisira, pedyo napedyo zvakanyanya zvokuti dai zvaibvira zvainyengera vasanangurwa.” Munooona, vaingo . . .

²⁴ Ukatora ruoko rwako wongorusumudza mudenga. Munoono, kana ukasacherechedza, rumwe rwacho runoratidzika sorumwe, nenzira dzose, asi rumwe rwacho nderworuboshwe uye rumwe nderworudyi.

²⁵ Ndiwo maitiro emweya muzuva rekupedzisira. Yakada kufanana, asi ine hunhu hunoita kuti izikanwe. Mumwe wakanaka, asi mumwe wacho hauna kunaka, uye unokwanisa kuzivikanwa nehunhu hwawo.

²⁶ Mweya waMwari unokwanisa kuzivikanwa nehunhu hwaWo. Maona? Mweya waMwari, uye nemweya wechechi. Pane mweya wechechi, uye neMweya waMwari hauna zvamazvirokwazvo kufanana nemweya wechechi, zvachose.

Pane mweya wemasangano.

²⁷ Pane mweya wenyika. Pane mweya wenyika iyoyo. Nyika dzose, pandinoenda kwadziri, paunofamba uchipinda imomo, unowana mweya wakasiyana. Ndakaenda kuFinland, vanhu vakanaka, asi kwaiva nemweya wechiFinnish. Ndakadzika kuenda kuGermany, kune mweya wechiGerman.

²⁸ Pano kwete kare zvakanyanya, ndaienda nomudzimai wangu, patakanga tichiri kugara kuIndiana, makore mashoma apfuura, takaenda uko kuchitoro chemagirosa chiduku. Ndakanga ndichangouya kumba. Taifanira kunotenga zvekudya. Uye ndiri munzira yangu kuenda ikoko, isu... Yaiva nguva yezhizha, munokwanisa kusazvitenda, asi takaona mudzimai akanga akapfeka dhirezi. Uye zvaishamisa kwazvo, ini... Zvakandikatyamadza. Ndi—ndikati, “Tarisa uko, izvo zvinoratidzika sokushamisa, mudzimai uyo akapfeka dhirezi.” Mamwe ose akanga akapfeka mbatya dzaisa... dzakanga dzisingakodzeri kumudzimai. Uye—uye mudzimai wangu akati... ndikati, “Zvakanaka, unongova mweya womuAmerica, unoono, mweya womuAmerica.”

²⁹ Zvino, mweya womuAmerica, uno... inofanira kunge iri nyika yeChikristu, asi mweya wenyika ino hausu weChikristu. Inokwanisa kunzi nyika yeChikristu, asi iri mamiriyoni emamaira kubva pazviri, pahunhu. Saka, mudzimai uyu, ndakati...

Mudzimai akati, “Zvakanaka, hatisi vanhu vomuAmerica here?”

³⁰ Ndokuti, ndikati, “Kwete. Tinogara muno. Ino inyika yedu. Ti—ti—tinogara mairi. Tinoida. Ndiyo nyika yakanakisisa pasi pose. Asi, zvakadaro, hatisi vanhu vomuAmerica.” Ndakati, “Takazvarwa kubva Kumusoro. Mweya Mutsvene wakaburuka, uye tiri vehumwe Humambo. Hausi hwenyika ino.” Ndikati, “Ndicho chikonzero hanzvadzi dzedu dzichipfeka madhirezi, vachichengeta vhudzi refu, vasingazvipendi kumeso. Munoono, maitiro avo anoita kuti vazivikanwe se ‘hutsvene kuna Ishe,’ woKumusoro-soro.”

³¹ Naizvozvo, tinotsvaga Humambo. Tiri kutsvaga Mambo kuti auye kuzogamuchira vanhu vaKe kuHumambo hwaKe. Uye vanozivikanwa nemaitiro avo—avo, kuti hupfumi hwavo hausi hwepasi pano kana hwenyika ino. Ndehwekudenga, muKubwinya. Naizvozvo, ivo, “Vanotsvaga Guta iRo Muvaki neMugadziri waro ndiMwari.” Vanonyatsozivikanwa.

³² Ndinoshuva kuti dai ndanga ndine inzwi rakakwana kuti ndigokuparidzirai humwe husiku. Asi ndi—ndinobva pazviri. Zvino, kuzivikanwa nehunhu hwacho.

³³ Tinowana muenzaniso wakanaka pano munguva yeIsraeri, ndokuuya munyika yevimbiso. Uye Mwari akanga avadana maererano nevimbiso yaKe. Akaudza Abrahamu kuti, Aizodarо . . . mbeu yake yaizova munyika iyi yevatorwa, kwemakore mazana mana, uye Aizovadzikinura neruoko rukuru rune simba, uye vaizoenda kunyika, iyo, yakanga yavimbiswa, yaiyerera neuchi nemukaka. Uye zvino nguva yevimbiso payakaswedera, pakauya mumwe—mumwe Farao akanga asingacherechedzi shumiro huru yaJosefa yaakava nayo pakati pavo.

³⁴ Uye, apa, Mwari vakasimudza muporofita wainzi Mosesi. Uye murume uyu akadzidziswa uchenjeri hwose hweEgipita. Pasina kupokana akanga ari munhu mukuru, akangwara, nyanjere, nokuti aikwanisa kudzidzisa vaEgipita uchenjeri. Airatidzika somunhu akanga akakodzera—akakodzera zvakanakwana kuti adzikinure.

³⁵ Asi, munoona, chatinoti rudzikinuro, uye nechinonzi rudzikinuro naMwari, pane mutsauko.

³⁶ Zvino tarisai murume uyu nemazvibatiro ose aaiva nawo. Aizviziva kuti akazvarirwa kuti adzikinure vana vaIsraeri. Asi, nedzidzo yake yose, ndizvo zvose zvaaziva, uye nokuziva kuti akadanwa naMwari kuti aite basa iri, aiva nezvake zvose . . . Aiva neBachelor of Art yake, uye nePh. D. yake, neLL. D., nezvakadaro. Ndokuenda kunodzikinura Israeri, ndokuva mukundikani mukuru.

³⁷ Zvino cherechedzai, zvairatidzika sokunge, iye aiva negumbo rimwe pachigaro chokutonga muEgipita, kuti azova Farao, zvokuti aizogona kudzikinura vana veIsraeri mushure mokunge ave Farao, nokuti ndiye aitevera kuzoenda pa—pachigaro choushe. Asi, munoona, kuti, mukuzviita nenzira iyoyo, zvaisazoratidza hunhu hwaMwari mukudzikinura vanhu vaKe.

³⁸ Akati Aizovadzikinura. *Iye* “aizovadzikinura noruoko rune simba,” kwete Mosesi nehondo ine simba, asi Mwari neruoko rune simba.

³⁹ Tinoona kuti muporofita uyu akatiza zvino ndokugara murenje kwemakore makumi mana. Zvakatorera Farao makore makumi mana kuti arovedzere dzidzo maari, uye zvikatorera

Mwari makore makumi mana kuti aidzipure kubva maari. Saka tinoona, rimwe zuva, kuti iye, ari kuseri kwerenje, akasangana naIshe Mwari mugwenzi raipfuta, ari muchimiro cheShongwe yeMoto yaiva mugwenzi. Uye akakumbirwa kuti abvise shangu dzake, nokuti, pasi paakanga akamira pakanga pari patsvene. Zvino tarisai uyu murume kwaye, ane tsika, akadzidza, akambenge, tarirai kushanduka kwehunhu hwake mushure mokunge asangana naMwari. Akaita zvakawanda . . .

⁴⁰ Dzimwe nguva Mwari anoita zvinhu nenzira inongori nyore kwazvo, uye nenzira youpenzi, pamafungiro epanyama. Cherechedzai murume akanga ari mukundikani wechokwadi; aine hondo dzose dzevaEgipita nezvose zvakanga zvakamupoterredza kuti aite kuda kwaMwari, nedzidzo yake yose, pazera ramakore makumi mana, ari panguva apo ainyatsokwanisa. Hounoi ari pano, ava nemakore makumi masere, mangwanani aitevera, nomudzimai wake akagara pamusana wenyurusi, aine mwana mudiki pahudyu yake, uye nechimuti muruoko rwake, achienda zasi kuEgipita, kunoipamba. Ungataura here pamusoro pokuratidzwa koupenzi! Asi zvakanga zvichiratidza hunhu hwaMwari, nokuti Akanga aine munhu aikwanisa kutenda Shoko raKe. Ndizvo zvoga. Zvaivapo ndezvokuti, mungafungidzira here munhu mumwe chete achienda kunopamba Egipita, uko, hondo yakanga yakundikana? Asi chaiva chii? Hunhu hwake, maitiro ake ehunyanzvi akanga ahandurwa. Akanga ava kuenda muZita raIshe, “NDIRI WANDIRI.” Zvazvaiva ndezvokuti, akanokurira. Akadaro, nokuti aienda muSimba raShe.

⁴¹ Munzira yake, achitungamira Israeri kuenda kunyika yechipikirwa, akasvika paakasangana nehama yake, hama yake yekusangano, Moabhi. Zvino, Moabhi, hazvaibvira kuti, vaive vahedheni. Vakanga vari vana vemwanasikana waRoti. Mumwe wevana vavo akanga—akanga abereka Moabhi.

⁴² Zvino, kumusoro ikoko, ndinoda kuti mutarise ndudzi mbiri idzi, mukudzisiyanisa. Heinoi Egipita, duku, yakapararira kwese-kwese, isina imwe nyika yaingaenda kwairi, pasina vakuru-vakuru kana kuti pasina mambo, kana chimwe chinhu, kana varemekedzwa pakati pavo, vaingova vanhu vakanga vari munzira yavo kuenda kunyika yechipikirwa. Zvino hepapo vaifanira kupfuura nemunyika yeMoabhi. Yakanga iri munzira chaimo mevimbiso.

⁴³ Uye Moabhi, zvakare, yakanga ichitenda muna Jehovha, uye vakanga vaine muporofita. Uye Israeri yaiva nomuporofita. Vose vari vaviri vakanga vaine vaporofita.

⁴⁴ Uye zvino cherechedzai, vakanga vasvika panzvimbo iyo muporofita werudzi urwu rwakanga rwakarongwa akange ari kuuya kuzotuka rumwe rudzi urwu, nokuti vakanga vangori vafambi, vasina pamwe pokuti vangagara. Saka vakauya.

Zvino tarisai vaporofita vaviri ava: Kana tasvika pakutaura pane zvepamavambo, vese vari vaviri vakanga vachiita zvakanaka. Nokuti, cherechedzai, Bharamu, mubhishopi, akavaudza, “Zvino, ndivakirei maartari manomwe.”

⁴⁵ Nomwe inhamba yaMwari yekupedza, ichimirira MaZera MaNomwe EKereke, mazuva manomwe okusika, nezvakadaro. Zvino cherechedzai, nomwe, Mwari anopedziswa muhonomwe.

⁴⁶ “Maartari manomwe, uye paaritari imwe neimwe isai nzo—nzombe.” Zvino ndiyo aritari imwe cheteyo seyavaiva nayo mumusasa weIsraeri. Havo vava zasi muIsraeri, vaine aritari imwe chete seyavainayo kumusoro kuno; uye nechipiriso chimwe chete, nzombe nenzombe; muporofita nemuporofita. Ndudzi mbiri, dziri pakusiyaniswa.

⁴⁷ Muenzaniso wakakwana wezuva ratiri kurarama, dai tanga tiine nguva yokupinda mazviri. Cherechedzai, Mwari achiita izvi mumufananidzo, uyo wataizoonza, zvichifambirana.

⁴⁸ Zvinowo, zvakare, Bharamu aida gondohwe paartari yoga-yoga. Izvi zvaitaura pamusoro pokutenda kwake muna Mhesiya aizouya. Gondohwe, hwai hono, ndicho chipiriso chimwe chete chavakanga vainacho muIsraeri; zasi mumusasa weIsraeri, kumusoro kuno ne... muMoabhi. Ivo... Pane zvepamavambo, vose vakanga vaita zvakanaka, asi, cherechedzai, pane zvepamavambo mune zvedzidziso.

⁴⁹ Asi muporofita mumwe chete mumusasa weIsraeri akanga ane hunhu hwaMwari neShoko raMwari. Akagara nevimbiso yaMwari yezera iroro, nokuti akanga ari mugwara rokuenda kunyika yevimbiso. Maona?

⁵⁰ Zvino, maererano nezvepamavambo, Bharamu, Bharaki aikwanisa kutongozivikanwa sezvakanga zvakaitawo Mosesi.

⁵¹ Asi, munoonza, Mosesi, ariye muporofita waMwari wechokwadi, akanga asingorina bedzi zvinhu zvepamavambo, asi akanga ane kuratidzwa kwaMwari. Munoonza, akanga ari mugwara rebasa, zvinova izvo chaizvo zvakanga zvakavimbiswa kuzera iroro; kwete kuzera raNowa, asi kuzera repanguva iyoyo. “Ndichakuendesai kunyika inoerera uchi nemukaka.” Vakanga vari munzira yavo, uye Israeri yaizvibatanidza nemuporofita wavo, Mosesi, aiva neMharidzo yenguva iyoyo. Hunhu hwaMwari huchionekwa muna Mosesi. Shongwe yeMoto yaimutevera. Zvakare akanga aine kuyanansirwa kwaitoitika; kwete kungotaura nezvazvo, asi aitova nazvo zvichitoitika. Kwete zvichazovapo; asi zviripo iko zvino!

⁵² Cherechedzai, akanga aine nyoka yendarira yakanga yakasimudzirwa zvirwere nehosha dzevanhu, naizvozvo Mosesi akanga achiita zvekupodza kwaMwari. Akanga aine kuyanansirwa, nyoka yendarira, ichimirira kuti Mwari akanga ari mumusasa, uye vanhu vaitarira panyoka iyi yendarira vachipora.

⁵³ Zvakare akanga aine Dombo rakarohwa raimutevera. Uye rakanga richizivisa Mwari, kuchengeta Mvura dzeUpenyu pakati pavo, mufaro neruponeso, kuti vasazoparara asi vaive noUpenyu husingaperi. Rakanga riri mufananidzo we...Iro Dombo iroro rakarohwa murenje rakanga riri mufananidzo waKristu achirohwa.

⁵⁴ Zvino, vakanga vachifamba mugwara revimbiso. Uku kwakanga kuri kumwe kuziviswa, kwekuratidza hunhu hwaMwari. Zvisinei kuti mumwe uyu akanga aine zvepamavambo zveShoko zvakadini; akanga aine zvepamavambo, pamwe nezvokuzivisa, uye nehunhu hwaMwari pakati pavo. Mwari akazvivisa pachaKe. Vaporofita vaviri, vose vari vaviri vaiva vaporofita, uye vose vari vaviri vaine zvepamavambo; asi Mwari akazivisa hunhu hwaKe muna Mosesi, nokuti akanga aine maitiro aMwari paari.

⁵⁵ Zvino, zvakare, hunhu hwaMwari nguva dzose ndohwomweya, nokuti Iye ndowomweya. Mwari ndowomweya. Ndeizvo zvisingatarisirwe, nguva dzose, kumafungiro echimanjemanje emuzuva rino. Munozvivisa izvozvo. Mwari akagara achingovhiringidza zvakajairirwa, zvema—zvepamapoka ezvinamato muzera roga-roga rakambopfuura.

⁵⁶ Uye hakuna nguva apo kana munhu kana boka revanhu rakambouya pamwe chete ndokuva sanganano pamharidzo asi kuti vakangofa ndokuiswa pasherefu, ndokusazomuka zvakare. Hakuna nhoroondo. MaLutherani, maPresbyteriani, maMethodisti, maBaptisti, maPentekosti, uye nevakadaro, havana kumuka zvakare, pavangosvika pakungoIita chipoka.

Mwari vanoshanda nedungamunhu.

⁵⁷ Cherechedzai, Iye haasi izvo zvinotarisirwa pane zvinofungirwa. Munoono, tinopinda mune kamwe kamuitiro, uye tinotofanira kuZvitenda nenzira *iyi*. Uye zvino Mwari anouya neShoko raKe raAkavimbisa, uye anoZvivisa muShoko iroro. Boka *iri* harikwanisi kuenda kwaRiri, nokuti haritendi maRiri. Munoono, rakatozvipatsanura kubva kwaRiri.

⁵⁸ SaJosefa, akanga ari mwanakomana waDhavhidha, uye ari murume akanaka, Josefa murume waMaria. Akanga ari murume akanaka, uye pasina kupokana aiverenga Bhaibheri, matsamba akamonererwa, nguva dzose, nokuti...uye akanga achitarisira Mhesiya waizouya, uye aifanira kunge aiziva zvakataurwa neGwaro kuti zvichaitika. Isaya akati, “Mhandara ichava nemimba.”

⁵⁹ Zvakanaka, zvino, akanga achifambidzana nemusikana muduku uyu, Maria, anogona kunge aiva nemakore gumi nemasere, uye anofanira kunge aiva mukuru zvishoma kwaari. Uye zvino pavakanga vatsidzirana kuti vazoorana, akaonekwa ava nepamuviri. Zvino zvakanga zvakati omerei Josefa kuti azvitambire. Hatipokani kuti Maria aifanira kunge akamuudza

nezvokushanyirwa naGabrieri. Asi tinocherechedza, nzira yaaitungamirirwa nayo nehunhu hwake, akazvipokana.

⁶⁰ Zvino akaonekwa ava nepamuviri vasati vachata. Uye, muBhaibheri, mubhadharo wacho rufu, nokutakwa nematombo. Mudzimai asati achata akaonekwa ava nepamuviri, aitofanira kutakwa nematombo. Kwakanga kusina upfeve muIsraeri. Hwakanga hwabviswa. Saka tinozviona, muna Dheuteronomio, inotiudza izvozvo.

⁶¹ Zvino tinoona kuti, Maria, aiita seakanga ari kuedza kushandisa Josefa kuti amuvharidzire chimwe chiito chaakanga aita. Nokuti, dai aiwonekwa ava napamuviri ivo vasati vachata, zvino aifanira kutakwa nematombo, uye aifanira kuva nomumwe zvino anokwanisa kumira achimuvharidzira. Uye zvakarutidzika, zvakanyanya, sokunge ndizvo zvaakanga ari kuedza kuita.

⁶² Asi Josefa achitarisa mumaziso ake makuru akanaka, uye iye aibva ati, “Josefa, Gabrieri akati kwandiri, ‘Mweya Mutsvene uchakuvhumbamira, uye Chinhu ichi chauchabata mimba mauri—mauri ndechoMweya Mutsvene. NdiMwari. Ndizvo zvaChichadanwa kunzi, “Mwanakomana waMwari.”” Uye, Josefa, a—a—akanga achida kuzvitenda izvi, asi zvakanga zviri izvo zvisingatarisirwe. Zvakanga zvisati zvamboitika kumashure.

⁶³ Uye ndiyo nzira imwe chete yazviri nhasi. Dai taingokwanisa chete kungo...Dai ndanga ndingori neimwe nzira yokuita kuti vanhu vaone kusajairika kwechero chinhu hacho, kana chikaziviswa neShoko, zvino hunhu hwacho hunochiratidza zvachiri. NdiMwari achishanda.

⁶⁴ Josefa aifanira kunge akazviziva izvi. Aifanira kunge akaziva, “Mhandara ichava nemimba.” Asi akanga akatendeseka pazviri. Aisada kumuramba, pachivande, asi a—akanga achifunga kuzviita.

⁶⁵ Uye zvino Ngirozi yaShe yakauya kwaari muchiroto. Makambofunga here kuti sei Akauya muchiroto? Kwakanga kusina vaporofita mumazuva iwayo. Chiroto chavo chakanga chiri nyore kwazvo, chaisada kududzirwa. Akati, “Josefa, iwe mwanakomana waDhavhidha, usatya kutora Maria mudzimai wako, nokuti icho chiri mumimba yake ndechoMweya Mutsvene.” Chionai, zvino, izvozvo zvakazvigadzikanisa. Munooni, Akauya kwaari muchiroto, senzira yechipiri. Asi, munooni, kwakanga kusina muporofita munguva iyoyo kuti akwanise kuzivisa Shoko iroro, rokuti, “Iyi ndiyo mhandara ichabata mimba.” Maona? Saka, naizvozvo, Iye akaoneka kwaari muchiroto, nokuti akanga ari munhu akatendeseka uye akarurama uye akanaka.

⁶⁶ Uye ndinotenda kuti Mwari anouya kune chero munhu wose akanaka, neimwe nzira, oratidza zvaAri kuita kune munhu uyu

wakanaka, muzera iroro, kana munhu iyeye akadanwa naMwari muzera iroro.

⁶⁷ Zvino, asi zvakanga zvisinganyanye kutarisirwa, vakanga vachitotadza kuzvinzwisisa. Asi, nguva dzose, kuonekwa maererano neShoko rakavimbiswa rezera iroro, kusanzwisika kwose uku.

Zvino pane vamwe vanhu vanogona kufamba, vachiti, “Zvakanaka, *izvi* ndeizvo zvisingatarisirwe, ndiMwari. *Izvi* ndeizvo zvisingatarisirwe.”

⁶⁸ Asi, munoono, zvinofanira kuziviswa neShoko, uye Shoko ndiMwari. Maona? Uye zvino maitiro ekuzvibanidza uku anoratidza kuti uyu ndiani, nokuti Mwari akati, “*Izvi* zvaizoitika,” uye zvotoitika. Maona? Hunhu hwacho iShoko raMwari rinenge richiziviswa nemaitikiro ezvinenge zvichiitika.

⁶⁹ Akati mumazuva okupedzisira Achadurura Mweya Mutsvene. Akazviita. Hunhu hwacho hwakararidza kuti akanga ari Mwari, Shoko raKe rakavimbiswa. Munoono, rinogozvizivisa pacharo nguva dzose.

⁷⁰ Zvino, nguva dzose, nguva yese-yese, anogadzirisa shoko, kana Shoko rikataurwa nenzira isiri iyo. Makambozvicherechedza here? Maiva mumazuva aNowa, apo zera resainzi rakagadziriswa, kuti Mwari akanga achanaisa mvura kubva kumatenga. Aiva Mosesi, munoono, akagadzirisa apo pavakanga vakagara muEgipita, nezvakadaro, asi Shoko raMwari rakatozouya kuti rizivikanwe. Uye Zvokwadi yeShoko inogadzirisa zvakananiswa.

⁷¹ Regai ndikuvhunzei chimwe chinhu. Tingangoti dzikei zvisihoma pano. Handifaniri kuparidza ndichidzidzisa kana kupa dzidziso, asi regai ndingokubvunzai chinhu chimwe chete.

⁷² Jesu akanga ari Shoko. Tinozviziva izvozvo. Bhaibheri rakati ndizvo zvazvakanga zviri. Mutsvene Johane, chitsauko 1, “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Iye achiri Shoko. Zvino paAikwanisa kunzvera pfungwa dzavo, vaifanira kunge vakaziva kuti iroro rakanga riri Shoko, nokuti Shoko raMwari rakati ndizvo zvaAizoita. Aiva Muporofita wacho.

⁷³ Zvino cherechedzai, tinoona kuti paAkazvarwa, ane makore anenge gumi nemaviri okuberekwa, Akaenda kumutambo wamatumba. Uye vakanga vaenda ikoko kumutambo wePaseka. Uye, munzira yavo vava kudzoka, vakanga vafamba rwendo rwamazuva matatu uye vakanga vaMushaya; vachiona, vachifunga, waro, vachifungidzira kuti Akanga ari pakati pevanhu vavo.

⁷⁴ Tinogona kuita chidzidzo kubva pane izvozvo. Ndzivo zvakananisa nhasi! Zvino imi maMethodisti, maBaptisti,

maPresbyteriani, maLutherani, maKatorike, chero chipi chamuri, munoona, muri kuita chinhu chimwe chete ichocho. Muri kuona nokuti Wesley akaita rumutsiriro rukuru, Luther akaita rumutsiriro rukuru, kana kuti Pentecosta yakaita rumutsiriro rukuru, muri kuona kuti Ari pakati pavanhu, apo, dzimwe nguva Anenge asipo.

⁷⁵ Vakaenda kunoMutsvaga. VakaMuwana kupi? KwavakaMusiyi, kuJerusarema. Uye pavakaMuwana, Akanga achiitei? Mukomana muduku, ane makore gumi nemaviri, anogona kunge asina kumboenda kuchikoro kunze kweizvo amai vaKe zvakavanga vaMudzidzisa bedzi; uye hounoi Ari mutemberi, achipikisana nevapisita vaya, pamusoro peShoko raMwari. Uye vakashamiswa kwazvo nehuchenjeri hweMwana uyu. Chikonzero nei? Akanga ari Shoko. Zvino tarirai.

⁷⁶ Uye zvino ndisiri kukushorai imi vanhu maKatorike munoti Maria amai vaMwari, asi regai ndingokuratidzai kamhosho kaduku apa. Kana chechi yakavakirwa pana Maria, tarisai zvakaitika. Zvino akauya uye akati, “O, baba vaKo neni taKutsvaga, nemisodzi.” Tarisai chitaurwa ichocho, akabva apomera chapupu chake. Akati, “Baba vaKo neni taKutsvaga, nemisodzi.”

⁷⁷ Tarisai Shoko iroro. Akanga ari Shoko. Akati, “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kunge ndiri pabasa raBaba vaNgu?” Tarisai Shoko richigadzirisa mhosho iyi. Ipapo chaipo pamberi pavapisita vaya, mudzimai uyu akakanganisa chapupu chake. Akati iye akanga abata pamuviri kubudikidza neMweya Mutsvene, zvino pano ava kuti Josefa akanga ari “baba” vaKe. Munoona Shoko iroro rakazvibata nokukurumidza? Akanga ari Shoko. Zvino, munoziva kuti mukomana ane makore gumi nemaviri haangadaro. Akanga ari Shoko. Akanga ari Shoko rakataurwa rezera iroro, saka naizvozvo maitiro akaratidzwa aya aMwari akanga ari muna Kristu. Akagadzirisa zvaive zvakanganiswa. Akati . . .

Vakati, “Sei, tiri vadzidzi vaMosesi.” Maona?

⁷⁸ Akati, “Dai manga muri vadzidzi vaMosesi, maifanira kuNdiziva. Akanyora nezvaNgu. Mosesi akati, ‘Jehovha Mwari wenyu achasimudza Muporofita akafanana neni.’ MaizoNdiziva kana maiziva Mosesi.”

⁷⁹ Uye, onaika, Shoko nguva dzose rinogadzirisa mhosho yezuva iroro. Asi vanhu havafariri kuzvitenda. Vanongoramba vakabwirira, saizvozvo.

⁸⁰ Asi Jesu akagadzirisa amai vaKe chaivo. Uye amai vaKe vakanga vari mukukanganisa, nokuti vakanga vatoti kare Mwana iyeye mimba yake yakanga yabatwa maari kuburikidza neMweya Mutsvene, zvino pano vakanga vashandura chapupu chavo ndokutaura kuti Josefa akanga ari “baba” wavo, akanga ari baba va—vaJesu. Zvino kana—kana Josefa . . .

⁸¹ Dai Aiva mwanakomana waJosefa, dai Akanga ari pabasa rababa vaKe, Angadai ainge ari muimba yokuveza midziyo yemapuranga.

⁸² Asi Akanga ari pabasa raBaba vaKe, imomo muTemberi, achitsiura masangano iwayo. Maona? Akanga ari pabasa raBaba vaKe, aingova Mukomana wamakore gumi nemaviri. “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kunge ndiri pabasa raBaba vaNgu?”

⁸³ Makacherechedza here apo Jesu paakaedzwa naSatani? Maitiro aKe ipapo, paAkanga ari mumuedzo waKe, akaratidza kuti iYe aiva Mwari, nokuti Akagara neShoko. Maona? “Kwakanyorwa kuchinzi,” Satani akadaro.

Jesu akati, “Kwakanyorwawozve kuchinzi,” ndokugara chaizvo neShoko.

⁸⁴ “Mwari, munguva dzakasiyana,” tinoverenga pano. “Mwari, munguva dzakasiyana,” ndidzo nguva dzakare, “nemitowo yakasiyana-siyana,” nzira dzakawanda, “akaZvizivisa kuvaporofita vaKe nezviratidzo.” Ndiwo hwakanga huri hunhu hwemuporofita, ndipo apo paifanotaura zvinhu zvisati zvaitika zvino zvobva zvaitika. Zvino ndiwo hwakanga huri hunhu hwake hwaimuzivisa, kuti Mwari akanga ainaye. Zvino zvaizomupa kodzero yokududzira Shoko rezuva iroro, nokuti, “Shoko raMwari rinouya kuvaporofita,” hunhu hwemuporofita, hwekuti Akafanotaura.

⁸⁵ Bhaibheri rakati, “Kana paine mumwe, uye zvaanotaura zvikazoitika, zvadaro imi munzwei; asi, kana zvikasaitika, musamutenda, musamutya, asi raNgu...kana—kana Shoko raNgu risiri maari. Asi kana zvikaitika, ipapo Shoko raNgu riri maari.” Ndzivo zvinomuzivisa. Ndiwo hunhu hwemuporofita.

⁸⁶ Zvino, Mwari, munguva dzakare, ndiwo maratidziro aAiita hunhu hwaKe hwekuzvizivisa pachaKe kuvanhu, kubudikidza nekutaura nemumunhu akadanwa kuti ave muporofita. Zvino, Bhaibheri rinotaura kuti, “Mwari, munguva dzakare, nenzira dzakawanda, akataura nemadzibaba kubudikidza nevaporofita.”

⁸⁷ Tinoverenga zvakare, muna Petro weChipiri, kuti Shoko rose raMwari rakanyorwa navo. “Varume vekare, vachisundwa neMweya Mutsvene, vakanyora Bhaibheri.” Vakanga vari vaporofita. Shoko rakauya kwavari uye vakaRinyora, ndokurinyora pasi, vari pasi pekufemera. Kutanga vaiva vaporofita vaizivikanwa, zvino va—vaizonyora Shoko rakafemerwa, uye vakanga vaine dudziro yechizaruro chaMwari nokuti aive Mwari akanga ari mumunhu.

⁸⁸ Zvino ndiyo nzira yaAizviratidza pachaKe mune maitiro aKe okuzvizivisa, zviratidzo zvavo zvichisimbiswa, hwaive hunhu hwaMwari mavari, achiZvizivisa kuvanhu.

⁸⁹ Zvino, ndiyo nzira bedzi yaAiva muna Kristu. Muporofita akanga achingova chibanzu chiduku-duku. Kristu akanga ari huzaro hwaMwari. Uye Mwari akanga ari muna Kristu, achiZviyananisa nenyika. Uye maitiro aKe akaMuzivisa, izvo zvaAiva, kusvikira Akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvikadaro musazvitenda. Kana Ndisina hunhu hwaBaba vaNgu, zvikadaro musaNditenda, musatenda zvaNdinotaura. Kana Ndisina hunhu hwaBaba vaNgu maNdiri, zvikadaro musazvitenda, zvachose.”

⁹⁰ Zvino, hunhu hwaKe haumboshanduki. Mwari haashanduri hunhu hwaKe, sezvino—zvinongoitawo gwa—gwayana harishanduri hunhu hwaro, kana chimwe chinhu zvacho hachishanduri maitiro acho. Nokuti, chero bedzi chiri muchinhanho chacho chepakutanga, ndechepakutanga. Uye kana ukashandura chinhu chipi zvacho, zvino wachishandura kubva pachinhanho chacho chepamavambo.

⁹¹ Zvakangofanana nokuti unokwanisa kutora ngu—nguruve, uye unokwanisa kugeza nguruve uye—uye ugoisa pendi panzara dzayo dzezvigunwe, sezvinoita madzimai, woigadzira zvakanaka nokuipenda muromo, woipfekedza dhirezi rakanaka. Ingoiregedzera nguruve iyoyo panze, inomhanyira yakananga kumadhaka, youmburukamozve mumadhaka. Sei? Inguruve, ndizvozvo chete. Asi, uye, asi, munoziva, haungakwanisi kuita . . .

⁹² Gwayana haringaiti zvakadaro. Haritomboendi mumadhaka iwawo. Haridi kuva nechokuita nawo. Ndiho hunhu hwaro. Maona? Unogona kuripfekedza nemhando imwe chete yematya, asi chokwadi haridaro, chokwadi hariendi. Zvokunze hazvina basa; ndeizvo zviri mukati. Zvino, Mwari zvaari chitubu choupenyu hwose . . .

⁹³ Musakundikana kubata izvi. Ndiri kuedza, nezvose zviri mandiri, kukuitai kuti muone chimwe chinhu. Maona? Ndezvokuti zvizokunakirai, vashamwari. Ndezve ku—kuitira imi. Maona?

⁹⁴ Handina kuuya pano kuzongoonekwa. Handina kuuya pano, nokuti panga pasina imwe nzvimbo yokuenda. Ndauya pano nokuti ndanzwa kuti ndinofanira kuuya pano. Ndanzwwa kuti shumiro yandakapiwa naIshe inofanira kuratidzwa pakati pevanhu pano, uye ndiri kuedza kukuitai kuti muone izvo Mwari zvaari chaizvo zvino. Iye iShoko raKe rakavimbiswa. Agara nguva dzose ari Shoko, uye anoZvizivisa pachaKe nemaitiro aAkavimbisa. Mumwe munhu aisumuka pane imwe nguva, ainge ari muShoko, zvino hunhu hwemunhu uyu aifanira kusimuka hunozivisa kuti ndiye munhu wacho.

⁹⁵ Ndicho chikonzero Jesu Akava zvaAkanga ari. Vaifanira kunge vakazviona. Ndokusaka vakanga vari mapofu. Chinhu chacho . . . Ndokuti, kunyange Akange aita minana yakawanda,

asi havana kukwanisa kutenda, nokuti Isaya akati, “Vane maziso asi havaoni, nenzeve uye havanzwi.” Maona? Zera rega-rega, kwete zera raKe bedzi; asi zera rega-rega, zvokuti, “Mwari, munguva dzakare, nenzira dzakawanda,” kunyange zvakadaro vaitongotadza kuzvibata.

⁹⁶ Zvino, hunhu hwaKe haukundikani. Hunogara huri humwe chete nguva dzose. Zvino, rangarirai, hunhu hwaKe, hunhu hwaMwari, haukundiki. Kana hukadaro, zvareva kuti Mwari akundika. Uye Bhaibheri rakataura, muna vaHebheru 13:8, kuti, “Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Naizvozvo, NdiMwari asingashanduki. Hungava hunhu hupi hwaAiva nahwo pakutanga, Achine hunhu humwe chete ihwohwo. Nzira yose yaAishanda nayo, nguva dzose dzaAkamboita chinhu, Anozviita nenzira imwe chete nguva dzose. Kana Akasadaro, hunhu hwaKe hunenge hwashanduka, munoono, uye maitiro aKe anenge oratidza chimwe chinhu chisiri chaMwari. Maona? Saka hatिंगazivi kuti ndekupi . . .

⁹⁷ Sezvakataurwa naPauro, “Kana hwamanda ikarira zvisinganzwisiki, ndiani angaziva kuti anofanira kugadzirira hondo, kana hwamanda yarira zvisinganzwisiki?” Zvino kana hwamanda ichifanira kurira “dududzai,” ndizvo zvatnofanira kuita, kududzai. Kana hwamanda ikarira kuti “chirwisai,” ndizvo zvatnofanira kuita, kurwisa. Asi Hwamanda iyi chii? IShoko raMwari. Rinozivisa Mwari, kungava kunzi—kungava kunzi “kwira, gara pasi, dududzai, unganidzai zvombo,” chero zvazvingava. Ruzha rweHwamanda yaMwari.

⁹⁸ Uye ruzha rusinganzwisiki, apo Bhaibheri parinoti chimwe chinhu chinofanira kuitika; mumwe munhu oti, “O, zvakanga zviri zverimwe zuva, izvozvo.” Zvino panenge pava neruzha rusinganzwisiki ipapo. Ipapo hauchazivi zvokuita.

⁹⁹ Jesu akati, “Ndine simba rokuisa upenyu hwaNgu pasi nokuhumutsa zvakare.” Hapana ruzha rusinganzwisiki ipapo.

¹⁰⁰ Mudzimai akati, “Tinoziva kuti Mhesiya anouya; uye paAnouya, Achatiudza zvinhu sezvaAkaita.”

¹⁰¹ Iye ndokuti, “Ndini iYe.” Hapana ruzha rusinganzwisiki ipapo. “Ndini iYe.” Uh-huh! Amen.

Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje.”

¹⁰² Akati, “Vose, mumwe nemumwe wavo, akafa.” Akati, “Asi iNi ndini Chingwa choUpenyu chakabva Kudenga kuna Mwari.” Hapana ruzha rusinganzwisiki. “Ndini Muti woUpenyu, kubva mubindu reEdheni.” Kwete, hapana ruzha rusinganzwisiki pazviri. Zvirokwazvo hapana. Hapana chisinganzwisiki pazviri. Akanga aine chokwadi mune zvose zvaAiita.

¹⁰³ Bhaibheri haripi ruzha rusinganzwisiki. Rinozivisa hunhu hwaMwari mumaririro aro.

104 Jesu akati, muna Mutsvene Johane 10:37, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, chii...uye Ndichinge ndisina hunhu hwaBaba vaNgu, zvino musaNditenda. Ndiwo acho, Anozivisa hunhu hwaKe maNdiri, maitiro aKe.”

105 Nokuti, Baba ndivo Shoko, “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari,” uye hunhu hwaMwari hunoratidzwa nevimbiso yaKe yezera iroro.

106 Zvino dai Akanga ararama munguva yaMosesi, zvingadai zvisina kushanda. Dai Mosesi akanga ararama munguva yaKe, hazvainge zvakashanda. Dai Akanga ararama munguva yaNowa, zvingadai zvisina kushanda, kana kuti dai Nowa akanga ararama munguva yaKe. Nowa akanga achiporofita nezvezvinhu zvezuva iroro, uye hunhu hwake nezvaakaita zvakamuzivisa neShoko raMwari. Mosesi akaita chinhu chimwe chete.

107 Uye hounoi Jesu ouya, uye Shoko rakanga rakavimbiswa kuzera iroro rakaratiidzwa muna Jesu Kristu nehunhu hweShoko, rinova Mwari. Amen.

108 Kudururwa kweMweya Mutsvene, mumazuva ekupedzisira, pamusoro pevanhu vemazuva ose, kwakazivisa hunhu hwaMwari nevanhu. Akazvivimbisa. IShoko. Akati Achazviita. Hapana anokwanisa kuzvidzoserwa. Akati Achazviita.

109 Saka zvinhu zvose izvi zvaAkavimbisa, ndizvo zvaAnoita. Zvinoratidza hunhu hwaKe. Hongu, changamire. “Musazvitenda, musatenda zvaNdinotaura, kana hunhu hwaNgu husiri hwaMwari.”

110 Zvino cherechedzai muna Johane 14:12, “Uyo anotenda maNdiri,” Akati, “ane zvinoNdizivisa, hunhu hwaNgu. Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye uchaaitawo.” Izvozvo zvinoratidza kuti hunhu hwaKristu huri maari, achiratidza hunhu hwaKe. Amen.

111 Ndinonzwa chaizvo manyukunyuku okunamata iko zvino, kana ndashoshoma. Hongu, changamire. O, ini zvangu! Munoono, hapana chakakanganiswa paZviri! Hupenyu hwaKe! “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye uchaaitawo.” Munoono, zvinozivisa kamuitiro.

112 Chinhu chimwe chete chaAkataura: “Kana hunhu hwaNgu hukasazivisa zvaNdiri,” Mwari ari ma—maAri, zvino iYe... musaMutenda. Zvino, Akati zvakare Achazikanwa muna izvozvo. Zvadaro, izvozvo, kana zvikasaMuzivisa, zvino haAsi zvaAnoti ari.

113 Uye, nhasi, kana Kristu akasaZvizivisa, hunhu hwaKristu hunoita kuti isu tizivikanwe sevaKristu, tichitenda Shoko... Jesu akanga ari Shoko, saka Aifanira kutenda Shoko. Uye tingati sei tiri vaKristu, uye toramba Shoko ripi zvaro

reBhaibheri racho? Mweya Mutsvene waKristu ndiMwari mauri, uye Unotsigira vimbiso yose ne “Ameni.” Bhaibheri rakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Mweya waMwari wakati, “Ameni.” Maona?

114 Mumwe wavo haati, “Kwete, izvo zvakanga zviri zverimwe zera; zvaiva zvevadzidzi chete.”

115 “Endai munyika yose munoparidza Evhangeri kuzvisikwa zvose. Uyo, kwese-kwese munyika yose, anotenda, zviratidzo izvi zvichamutevera, chinhu chimwe chete.” “Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” hunhu huchiratidzwa.

116 Izvozvo zvinoita kuti vaHebheru 1:1, “Mwari munguva dzakare, achitaura kumadzibaba kubudikidza nevaporofita,” achizivisa Kristu, akamuka nhasi, nemaitiro mamwe chete aAkaita munguva dzakare. Macherechedza here? Mwari haamboshanduri nzira yaKe.

117 MuBhaibheri rakare, kana muroti arota chirotu, uye pasina muporofita munyika aiona kuti chirotu ichi chakanaka here kana kuti kwete, vakanga vaine imwe nzira yokuziva nayo. Vaitora munhu iyeye, wacho ainge arota chirotu, vaienda naye kutemberi. Chidzitiro chepachipfuva chaAroni, uyo akanga ari muprisita mukuru, chairembedzwa padanda. Uye muroti uyu aitura chirotu chake. Zvisinei kuti chaita sechakanaka zvakadini, chichinzwika sechemazvirokwasvo zvakadini; kana paishaikwa Chiedza chemweya chaipenya pamatambo iwayo, icho chinonzi Urimi Tumimi (vaverengi veBhaibheri vanonzwisisa); ipapo, handina basa kuti chaita sechemazvirokwasvo zvakadini, chakanga chisiri icho. Kakusanzwisisika kaMwari, hunhu hwaMwari, hwaifanira kuisa pachena maitiro aKe mune zveuweya, kuratidza kuti Aizvibatandiza pachaKe nemharidzo. Ameni.

118 Ndinotaura zvimwe chete manheru ano. Urimi Tumimi yakare yakapfuura, asi Shoko ndicho chinhu chichiri kuzivisa kamuitiro kaMwari, vimbiso yenguva yatiri kurarama. Heuno hunhu hwaMwari huchiziviswa nevimbiso yenguva yatiri kurarama mairi.

119 Zvinoita kuti Mwari ave mumwe chete sezvaAkanga ari. “Munguva dzakare,” tarirai, “nenzira dzakawanda, Akataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofita.” “Uye murairo nevaporofita zvaivako kusvika pana Johane; kubva ipapo, Humambo hweKudenga.” Cherechedzai, “Asi muzuva rino rokupedzisira,” achitaura chinhu chimwe chete chaAkaita kareko, “nomuMwanakomana waKe Kristu Jesu.” “Mwari, munguva dzakare, nenzira dzakawanda, akataura kumadzibaba nemuvaporofita; muzuva rino rokupedzisira,” anoita chinhu chimwe chete, “achitaura kuvanhu (madzibaba) nemuMwanakomana waKe Kristu Jesu.” AkaMumutsa kubva kuvakafa, uye Anorarama ari matiri, Achizvzivisa uye

achitiudza zvinhu zvichaitika, kuti iYe munzveri wepfungwa pamwe nezvinangwa zvemoyo. Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! “Mwari, munguva dzakare nenzira dzakawanda akataura nemadzibaba kubudikudza nevaporofita, asi mumazuva ano ekupedzisira kubudikidza naJesu Kristu Mwanakomana waKe.” Gwaro harikwanisi kushandurwa. Ndizvo chaizvo.

¹²⁰ Sezvandambotaura kumashure, Mwari haadi mumwe munhu kuti adudzire Shoko iri. Anodudzira Shoko raKe pachaKe. Kana Akataura chero chinhu, chinoitika, ndiyo dudziro yacho. Maona? Haadi mumwe munhu anoti, “Zvakanaka, ndinotenda kuti zvinoreva *zvokuti*.” Mwari anorizivisa nedudziro yaKe Omene.

¹²¹ Ndokuti, kana vimbiso iri yezuva iroro, hatingararami tiri muchiedza cha—cha—chaLuther, hatikwanisi kurarama muchiedza chaWesley, hatikwanisi kurarama muchiedza chaani zvake waivavo. Tinofanira kurarama muChiedza chakavimbiswa chezuva rino.

¹²² Ko dai Mosesi akaenda zasi kuEgipita, ndokuti, “Zvakanaka, tichavaka areka yakakura. Tichapapamara tichibuda munyika ino. Naeri ichazara”? Vaitarisa mutsamba dzakamonorerwa; hapana vimbiso yaizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Asi, munoona, akazvizivisa somuporofita waMwari, nokuti chero zvaakataura zvakaitika, zvino vakaziva kuti akanga aine Shoko raShe. Farao akanga aine mapfumo, asi Mosesi akanga aine Shoko. Saka pavakasvika kugungwa, mapfumo ose akaenda pasi pegungwa; uye Mosesi akayambutsa Israeri mhiri kwegungwa, nepanyika yakaoma, nokuti akanga aine Shoko, uye aiva Shoko renguva iyoyo. Mosesi akanga ari Shoko rakaratidzwa munguva iyoyo.

Eria akanga ari Shoko rakaratidzwa renguva iyoyo.

¹²³ Kristu iShoko rakaratidzwa, uye nevimbiso dzaAkaita. “Nguva duku nyika haizoNdioni zvakare; asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichange ndinemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika. Mabasa aNdinoita nemi muchaaaitawo zvakare.” Akavimbisa zvinhu izvi. Chii? Hunhu hwaMwari huri kuisa pachena Shoko raKe, sezvaAkaita mumazera ese.

¹²⁴ Maraki 4, Akati, “Zuva guru rinotyisa raShe risati rasvika, tarirai, Ndinotumira kwamuri Eria muporofita; uye achadzoredza kutenda kwevana kumadzibaba zvakare, zuva iroro risati rasvika.” Akazvivimbisa.

¹²⁵ Jesu akati, muchitsauko 17 chaMutsvene Ruka, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu, apo Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa.” Apo chizaruro chichange chichizvibhedhenura, mumazuva apo nyika ichange yakaita seSodhoma, zvichange zvakadini? Hunhu hweGwaro iroro

richizadzikiswa. Mwari achiZvzivisa nehunhu hwaKe, hunhu hwaAgara ari nguva dzose. Haakwanisi kuzvisiya.

126 Mazuva okupedzisira, Akazvivisa kubudikidza neMwanakomana waKe. Cherechedzai kuti Mwari anoita izvi nguva dzose panenge...sezvaAno-...Haamboshanduri nzira yaKe.

127 Varume ava vatatu vakataura naAbrahama, sezvatanga tichingotaura apo, pamazuva eSodhoma.

128 Abrahama aiva murume aitenda Mwari. Akatora Mwari pavimbiso yaKe. Sara, mudzimai wake, akanga aine makore makumi matanhatu nemashanu okuberekwa, Abrahama akanga aine makumi manomwe nemashanu, apo Mwari akamudana. Akati vakanga vachazova ne—nemwana; Abrahama aizova nemwana naSara. Zvinogona kuita sokupenga zvishoma, asi ndinofungidzira kuti akatsvaga twese tu—tumabhutusi tuduku nezvipeneti, nezvose, kugadzirira, nokuti vakanga vachazova nemwana uyu.

129 Mushure memazuva makumi maviri nemasere ekutanga, handiti, Abrahama anogona kunge akati kuna Sara, “Uri kunzwa sei, mudiwa?”

“Hapana mutsauko.”

“Mwari ngaArumbidzwe, tichava naye, zvakadaro.”

“Unozvivisa sei?”

“Mwari akataura kudaro.”

Gore rakapfuura. “Uri kunzwa sei, mudiwa?”

“Hapana mutsauko.”

“Tichava naye, zvakadaro. Mwari akadaro.”

Makore mashanu akapfuura. “Uri kunzwa sei zvino, mudiwa?”

“Hapana mutsauko.”

“Tichava naye, zvakadaro. Mwari akadaro.”

130 Chaiva chii? Akanga aine vimbiso yaMwari. Aitenda Mwari, uye aiita saMwari: akabatirira paShoko rakavimbiswa. Raka...

131 Makore makumi maviri nemashanu akapfuura. Mabhutusi akanga ahanduka kuva eyero, asi akaramba akaabatisisa. Zvino achembera, uye akombama, uye ava muchimiro chakashata kwazvo; uye chizvaro chaSara chongoita sechakafa, uye iye haachabereki. Uye chimiro chakadini chavari machiri!

132 “Uri kunzwa sei, Abrahama, baba vendudzi?” shamwari dzake vatendi vekabanga vaidaro kwaari.

133 “Zvakanaka, Mwari ngaarumbidzwe, ndinonzwa zvakanaka. Tichava naye mwana iyeye, zvakadaro.” Nokuti haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari kubudikidza nokusatenda; asi akanga akasimba, achirumbidza Mwari, nokuti

akanga akagutsikana zvakakwana kuti zvakataurwa naMwari, Mwari anogona kuzviita. Amen. Heunoi hunhu hwemutendi.

¹³⁴ Ko iwe? Maona? Ko isu, vana vaAbrahama? Tinozvibanidza neShoko raMwari here, sevimbiso, uye hunhu hwedu hunotizivisa, kuti tinoZvitenda here zvamazvirokwazvo? Kana kuti, unongoita zvekuzengurira, kusvetuka uchibva pano, uye nekuno *uku*, nezasi *kuno*, uye nokungofungidzira, nekungoita zvekuzengurira, pamusoro paRo? Zvikadaro, hatisi Makristu, tiri kungofungidzira kuti tinotenda.

¹³⁵ Asi, kana tikanyatsomira pavimbiso iyoyo, tonangana naYo ipapo uye togara nayo! Abrahama akazviita.

¹³⁶ Zvino tinoona kuti, rimwe zuva akaona varume vatatu vachiuuya, vachifamba. Bhaibheri rakati pano, “Yakanga iri nguva yekupisa yezuva,” anofanira kunge akanga ari masikati. Varume ava vakasvikapo uye vaitaura naye. Tinonzwisisa kuti maviri vavo vakadzika zasi kuSodhoma. Ndinotenda takataura nezvazvo pane humwe husiku. Mumwe wavo akagara naye.

¹³⁷ Tarisai Murume uyu waakadana . . . akagara naye, zvakaikwa neMurume uyu. Mumwe akazivikanwa nehunhu hwaKe, kuti akanga Ari Erohimu.

¹³⁸ Erohimu, shoko rokutanga muBhaibheri, “Pakutanga Mwari . . .” Zvino, ani naani wenyu imi vadzidzi munoziva kuti shoko rokuti *Mwari* ipapo rinoreva, muchiHebheru, ndi “Erohimu,” zvichireva, “Samasimba, akazvikwanira, akavapo nokuda kwake,” haadi rubatsiro kubva kune mumwe munhu, haadi dudziro yemumwe munhu; anoZviitira Omene. Iye ndiMwari akazvikwanira, ari kwese-kwese, anoziva zvose, ane masimba ose. NdiMwari.

¹³⁹ Hounoi uYo. Uye Abrahama zvino, tateguru uyu akanga akabata paShoko, akatarisa kuMuchinda uyu. Zvino apo Muchinda uyu paAkanga akafuratira tende, Akati, “Mudzimai wako Sara, ari kupi?”

Akati, “Ari mutende, shure kweNyu.”

¹⁴⁰ Akati, “Ndichakushanyirai munguva yeupenyu, uye muchava nemwana uyu waNdakuvimbisai.”

¹⁴¹ Uye Sara akaseka pamusoro pazvo. Uye Uyo aitura naye, akamuudza zvakataurwa naSara mutende, kumashure kwaKe.

¹⁴² Zvino, muna Genesi, munozviverenga. Tinoona kuti zvino, Abrahama, mushure mokunge Murume uyu aZvizivisa . . .

¹⁴³ Chakanga chiri chii? VaHebheru, chitsauko 4, ndima 12, yakati, “Shoko raMwari rinopinza, rine simba kupfuura munondo unocheka nemativi ose maviri, munzveri wepfungwa nezvinangwa zvemoyo.”

¹⁴⁴ Akaziva kuti uyu ndiye Murume wacho. Aiziva kuti munyika makanga musina vaporofita kunze kwake, naizvozvo Shoko

raShe rakanga rauya kwaari. Uye iye ndiye aiva muporofita wacho, zvino apa Shoko rakauya kumuporofita.

145 Chinhu chimwe chete naJohane Mubhabhatidzi. Kwakanga kusina kumbova nomuporofita kwamakore mazana mana. Ndinorangirira . . .

146 Pamwe mutana Chiremba Davis vakagara muno, manheru ano, muparidzi wechikuru weMissionary Baptisti uyo wakandibhabhatidza muKutenda. Vaisikakavara neni. Vaiti, “Billy, unongova mwana muduku zvino. Unofanira kunditeerera.”

Ndikati, “Zvakanaka, Hama Davis, ndakateerera.”

147 Ivo vakati, “Unoona, Johane haana kubhabhatidzwa. Saka akanga achibhabhatidza, asi akanga asina kubhabhatidzwa; hapana akanga akakodzera kumubhabhatidza.” Idzidziso yakanaka yebhaibheri yechiBaptisti. “Zvino hepanoi Jesu wauya, ndokubva ati zvino. . . Johane akati, ‘Ndini ndinofanira kubhabhatidzwa neMi; ko sei iMi mauya kwandiri?’ Uye iYe akati, ‘Zvitendere hako kuti zvive saizvozvo.’” Akati, “Zvino ipapo ‘paakaMutendera,’” ndokuti, “munoono, zvino Jesu akabhabhatidza Johane. Zvino paAkabuda mumvura, ipapo matenga akavhurika ndokubva iYe aona Mwari ari muchimiro chenjiva, ichiburuka uye ichienda paAri, ndokuti, ‘Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, Uyo waNdinofarira kugara maari.’” Asi, kwete, ndisingapikisani naChiremba Davis, asi vakanga vachikanganisa.

148 Munoono, Johane waiva muporofita, uye Shoko rinouya nguva dzose kumuporofita. Saka kana Shoko rakaitwa nyama, Raifanira kuuya kumuporofita, zvakadaro; nokuti, waipupura nezveShoko, uye hunhu hwake hwakamuzivisa izvozvo. Hepanoi Shoko rauya, zvino chii chakaitika? Zvino paakangosvika bedzi pamberi pechiso chaJesu, Johane akati, “Ndinofanira kubhabhatidzwa neMi; ko Munouya sei kwandiri?”

149 Jesu akati, “Zvitendere kuti zvive saizvozvo, nokuti zvakafanira kwatiri (zvakinakira) kuti tizadzise kururama kwose.” Johane ari muporofita; iYe ari Shoko. Iye aiva Chipiriso, uye Iye akanga achigadzirira kupinda mushumiro yaKe yepanyika, zvino Chipiriso chaifanira kugezwa chisati chaperekwa. Zvino Johane wakaMubhabhatidza, nokuti waiziva. “Tendera kuti zvive saizvozvo, nokuti zvakafanira kwatiri kuti tizadzise kururama kwose.” Chipiriso chaifanira kugezwa chisati chaperekwa, nokudaro Johane wakaMubhabhatidza. Akanga asiri Jesu waibhabhatidza Johane. Johane akabhabhatidza Jesu. “Zvitendere kuti zvive saizvozvo.”

150 Cherechedzai, hounoi Abrahamama apa, iye waiva neShoko raShe. Shoko raShe rakauya kwaari. Ndiye waiva muporofita.

Ndokubva pano Shoko rauya. Akamudaidza kuti, “Abrahama,” kwete *Abrama*.

¹⁵¹ Mazuva mashoma kumashure kweizvi, zita rake rainzi Abrama—rainzi Abrama, zvino rava kunzi Abrahama. Mudzimai wake aiva Sari, zvino rava kunzi “Sara,” kwete S-a-r-r-a; S-a-r-r-a. Kwete (A-b-r-a-h-a-m-a) A-b-r-a-m-a, asi A-b-r-a-h-a-m-a, Abrahama.

¹⁵² Zvino Murume uyu akaZvizivisa pachaKe, paAkati, “Abrahama!” O, ini zvangu!

Abrahama akati, “Erohimu!”

¹⁵³ Heri Shoko nemuporofita, pamwe chete, vose vari vaviri vachiratidzwa zvavari.

¹⁵⁴ Erohimu, Akati, “Mudzimai wako Sara, aripi?”

¹⁵⁵ Akati, “Ari mutende, shure kweNyu.” Uyezve. . . Ipapo shura rakabva raitwa. Erohimu! Abrahama wakaMudaidza kuti, “akazvikwanira, Samasimba, Mwari ane masimba ose.”

¹⁵⁶ Jesu akati, paAiva panyika, Akaita chinhu chimwe chete chakaitwa naErohimu. Zvakaratidza hunhu hwaKe kuti ndiMwari.

¹⁵⁷ Uye iYe akati, kumashure, “Mumazuva okupedzisira, apo panouya Mwanakomana womunhu chaipo, paAnenge ava kuzarurwa, mamirire ezvinhu aya achaitika zvakare, sezvazvakanga zvakaita paSodhoma.” Erohimu pakati pevanhu vaKe, Mwari Samasimba! Ndizvo zvinotaurwa neGwaro. Erohimu pakati pevanhu!

¹⁵⁸ Kwemakore makumi mana Anga achitibhabhatidza neMweya Mutsvene, Erohimu, Mwari! Uye chechi. . .

¹⁵⁹ Tarirai, Abrahama akaona chiratidzo chimwe chete, kumwe kudana; chiratidzo, kudanwa; kudanwa, chiratidzo; akamirira kuuya kwemwanakomana wevimbiso. Asi chiratidzo chokupedzisira chaakaona, kuonekwa kwekupedzisira, kushanya kwaMwari kwokupedzisira mwanakomana wevimbiso asati asvika panzvimbo, aiva Erohimu ari munyama yemunhu. Ndokuzobva mwanakomana wevimbiso auya.

¹⁶⁰ Zvino Mbeu yaAbrahama yakamirira Mwanakomana wevimbiso, Jesu Kristu. Uye vakaona zviratidzo, kudururwa kweMweya Mutsvene, kutaura nendimi, kupodza kwaMwari, nezvimwe zvakadaro. Asi kana Mwanakomana womunhu ava kuratidzwa, Erohimu uchadzokazve kuMbeu youmambo yaAbrahama oratidza chinhu chimwe chete ichocho chaAkaratidza muzuva iroro, ameni, Erohimu, sokudaro! Sei? Hunenge huri hunhu hwaMwari.

¹⁶¹ Zvino, kana Kristu akanga ari Mwari, “Nguva shomanene nyika haingaNdioni; asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichange

ndinemi, kunyange mamuri, kusvika kwazvinokwaniswa, kumagumo. Mabasa aNdinoita nemi muchaaaitawo.”

162 Jesu akataura kudaro muna—muna Ruka, chitsauko 17. Zvakanaka, patinotenda nokuona mazuva aya okupedzisira, chimiro ichi chinofanira kuti chiiitwe zvakare.

163 Nokudaro, vaHebheru 1:1, “Mwari, munguva dzakare kubudikidza nevaporofita akaZvizivisa, mumazuva ano okupedzisira wakararidza kumuka kweMwanakomana waKe kubva kuvakafa,” nokupa Chechi hunhu humwe chete hwaAiva nahwo, zvichiita kuti vaHebheru 13:8 inyatsova yezvokwadi.

164 Hapana minhenga inogona kudzurwa kubva pane izvozvo. Iyi minhenga yechapungu. Inogara yakatsindirana, nokuti ishiri yemuchadenga. [Chibenga patepi—Mupepeti.] . . . vanovapa kudya kwechapungu.

165 Zvino tinocherechedza kuti, “Munguva dzakare, nenzira dzakawanda, Akataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofita, mumazuva okupedzisira kubudikidza noMwanakomana waKe Jesu Kristu, nokuMumutsa kubva kuvakafa.” Zvino hoUnoi ari pakati pedu, mushure mezviuru zviviri zvamakore, Jesu mumwe chete, kwete mumwe wavaporofita; Jesu, hareruya, Mwanakomana waMwari akamutsa!

166 Jesu wakati, rimwe zuva, Akati, “Chizvarwa chakaipa uye choupombwe chinotsvaka chiratidzo, zvino chichawana chiratidzo.” Chizvarwa chakaipa choupombwe. Ndirinhiko apo pasi rose rakanyanya kuipa, kana kuva noupombwe nokutsveyama, kwakapfuura zvazviri iko zvino?

167 “Sezvazvaiva mumazuva aJona, sezvakaita Jona kugara mudumbu rehove huru kwamazuva matatu nousiku utatu, saizvozvovo Mwanakomana womunhu anofanira kugara mumoyo wenyika mazuva matatu nousiku utatu.”

168 Zvino, “chizvarwa chakaipa choupombwe” chaizofanira kugamuchira chiratidzo. Chiratidzo chorudzii? Chiratidzo chorumuko kubva kuvakafa. Zvino tinacho nhasi, mushure mezviuru zviviri zvamakore, Achiri mupenyu. Ari pakati pedu, manheru ano, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, Achizvizivisa nehunhu hwaMwari, achiratidza Shoko muzuva rino raAkavimbisa kuzviita. Amen.

169 Herinoi Shoko. Zvino mungatenda here chiratidzo? ndicho chinhu chinotevera, mazuva okupedzisira, kuratidzwa kwaKe kubudikidza neMwanakomana waKe. Cherechedzai.

170 Mwari wakataura naMosesi munguva dzakare. Muna Dheuteronomio 18:15, munoti, “Jehovha Mwari wenyu uchamutsa Muporofita wakafanana neNi.” Zvino tarisisai. Iro ndiro Shoko. Iro ndiro Shoko. Aiva Mwari. Akanga asiri Mosesi. Mosesi waigona kuziva izvozvo sei? Aiva munhu. Asi Mwari,

achitaura nomuna Mosesi, akataura izvozvo. Munozvitenda here izvozvo? Zvakanaka.

¹⁷¹ Zvino cherechedzai Jesu, tarisisai kuti hunhu hwaKe—hwaKe hwakaraidza kuti Shoko revimbiso iri ndere chokwadi. Akadarozvirokwazvo. Akaratidzwa nehunhu hwaKe uhwo hwakanzi naMosesi ndizvo zvaAizova.

¹⁷² Vazhinji vavo, sezvazviri nhasi, vanoda kuona mumwe mutungamiriri mukuru. “O, uyu ndiChiremba Ph. *Nhingi-nhingi*. Akabva kuHartford University.” Kana kuti, “Akabva kune imwe nzvimbo huru-huru kumwe kunhu kwakadarozvirokwazvo. Akaratidzwa nehunhu hwaKe uhwo hwakanzi naMosesi ndizvo zvaAizova. Maona?”

¹⁷³ Jesu wakanga asiri mudzidzi, nepo Aisava muprisita, nepo Aisava rabhi, kunyika. Kunyika, aiva mupanduki.

¹⁷⁴ Asi Mwari akanga achisimbisa Shoko raKe nomaAri, izvo zvakaMuita Emanueri. Ndiwo mazikanirwe aAkaita. Zvino, pano, Jesu wakazadzisa izvo chaizvo Mwari zvaAkataura panguva dzakare kuti Aizoita, nomuna Mosesi, izvo zvaAizoita.

¹⁷⁵ Zvino tarisai paAkasangana naPetro, sezvatakazviita mumutambo pane umwe usiku, paAkasangana naPetro akataurira Petro kuti zita rake rainzi ani. Chiratidzo ichi chakazivisa zvaaireva kuti Aive Mhesiya, kuna Petro, nokuti Shoko rakanga rati, “Jehovha Mwari wenyu uchamutsa Muporofita.”

¹⁷⁶ Zvino Petro akauya, uyo ainzi Simoni ipapo, ndokuuya paAiva ari. Zvino Jesu ndokumutarisa, akati, “Zita rako unonzi Simoni, uye uri mwanakomana waJonasi.” Izvozvo zvakaraidza hunhu hwaKristu hwekuva Shoko riya rakavimbiswa naMosesi. Petro akacherechedza kuti chiratidzo ichocho chakazivisa Jesu saMhesiya. “Mwari waiva muna Kristu,” chizoro chemazuva okupedzisira. Kuna Natanaeri. . .Rangarirai, Akaudza Simoni zita rake.

¹⁷⁷ Zvino, tarisisai, kuna Natanaeri Akamuudza zvaakange aita. “Wanga uri pasi pemuti paNdakuona.” Izvozvo zvakaMuzivisa kuti ndiMhesiya.

¹⁷⁸ Akati, “Imi muri Mwanakomana waMwari. Imi ndimi Mambo waIsraeri.” Akazivisa nehunhu hweShoko rakavimbiswa rokuti iye Aizova Mhesiya. “Jehovha Mwari wenyu uchamutsa Muporofita.”

¹⁷⁹ Mudzimai muduku patsime, Akaudza mudzimai zvaakanga ari, uye izvozvo zvikaMuzivisa saMhesiya wacho akavimbiswa. Maona?

¹⁸⁰ Hunhu hwaKe, maitiro aKe, rakanga riri Shoko richiratidzwa. Aiva maitiro aKe airatidza kuti Shoko raiva

Mwari, saka aiva Mwari achiratidzwa ari muna Kristu. Zvino tarisisai izvi. Cherechedzai.

¹⁸¹ Kuna Petro, Akaziviswa kuna Petro nokumudoma zita rake. Akaziviswa kuna naNatanaeri nokumuudza zvaakanga aita. Akazikanwa nomudzimai, nokumuudza zvaaiwa. Izvo iye... zvaaiwa; zvaakaita; uye *mudzimai* zvaaiwa. Akaratidza hunhu hwaKe hwaMhesiya, uhwo hwaizova hunhu hwaMhesiya.

¹⁸² Tarisai mudzimai muduku uya achitaura chinhu chimwe chete ichocho. “Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita. Hatina kumbova nemuporofita kwemazana emakore. Takava nemachechi mazhinji, kukakavadzana kuzhinji nekupesana kwemasangano, asi hatina kumbova nemuporofita kwemazana emakore. Tinoziva kuti kana Mhesiya auya, izvi ndizvo zvichaMuzivisa.”

¹⁸³ Akati, “Ndini iYe, ari kutaura newe.” Hapana chokupokana pamusoro pazvo, “Ndini iYe.” Ndizvo zvakaMuzivisa.

¹⁸⁴ Mudzimai waiva nechirwere chekubuda ropa, akaMuziva kuve Shoko. Sei? NezvaAkaita apo kutenda kwake kwakaMubata. Akatendeuka akati, “Ndiani waNdibata?” Akaziva kuti pane changa chaitika. Zvakazivisa Jesu saMhesiya.

¹⁸⁵ Mudzimai akazvitenda, ndokubva ati, “Kana ndikangobata hanzu yaKe, ndinobva ndapora.”

¹⁸⁶ Saka paakangobata, Akatendeuka, ndokuti, “Zvino ndiani waNdibata?” Zvino vose vakaramba. Asi hunhu hwaKe wehuMhesiya... .

¹⁸⁷ Amen! Ndinotarisisira kuti munozviona, imi ungoro. Tererai, patava kuvhara.

¹⁸⁸ Ipapo mudzimai akaMubata. Paiva nemazana, pamwe, vachiedza kuMubata. Petro akatoMutsiura, akati, “Zvakanaka, vose vari kuKubatai.”

¹⁸⁹ Iye akati, “Hongu, pane mumwe munhu aNdibata zvakasiyana.” Ndiwo mutsauko wacho, kubata kwokutenda. Maona? Akati, “Mumwe munhu aNdibata. Kwakanga kuri kubata kwakasiyana. Ndapera simba. Simba rabuda maNdiri. Simba rabuda maNdiri.” Zvino, hoYo amire apo.

¹⁹⁰ Zvino, kunyangwe mudzidzi waKe pachaKe achiti, nemamwe manzwi, “Munonzwika—munonzwika sokunge Muri munhu anopenga. Handiti, vanhu, munhu wose ari kungoKugonzvai.”

¹⁹¹ ChiMutarisisai, tarisisai kuziviswa kwaKe zvino. Akatendeuka, ndokutarisa nomugungano. Akanyatsononga mudzimai uyu. Akanga asisakwanisi kuramba akazvivanza. Akamuudza nezvechinhanho chake, ndokuti, “Kutenda kwake kwakanga kwamupodza.”

¹⁹² Mudzimai akaziva, naizvozvi, kuti vaHebheru 4:12, “Shoko rinonzvera pfungwa, nezvinangwa zvemoyo.” Hunhu hwaKe hwakaMuzivisa kuva “Shoko raMwari rakaitwa nyama uye richigara pakati pedu.” Amen.

¹⁹³ Ndinofunga kuti chinhu chimwe chete ichi chinoita kuti Azikanwe manheru ano, Jesu Kristu akamuka achirarama pakati pedu manheru ano, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvino, sezvo vaHebheru 13:8 iri yechokwadi, hunhu hwaKe hunoMuzivisa nhasi, sezvahwakaita kumashure, nenzira imwe chete.

¹⁹⁴ Tarisai Kreopasi nevamwe, mushure mekumuka. Jesu akaZvzivisa nenzira yaAkamedura nayo chingwa chiya, kuti Akazviita nenzira yaAkazviita nayo asati Aroverwa. Uye ivo... Izvi zvakazivisa hunhu hwaKe, nokuti ndiwo maitiro aAkazviita.

¹⁹⁵ Zvino dai Anga ari pano manheru ano, Aizozivisa zvaAri sei? SezvaAkaita nezuro, nokuti ndiYe mumwe chete nhasi, uye achange akangodaro nokusingaperi. Mazikanirwe aanoitwa. VaHebheru 4, yechina- . . . 14 ne 15, “Ndiye iko zvino. . .” Inoti, “Ndiye Muprisita wedu Mukuru anogona kubatwa nemanzwiwo eutera hwedu.” Ndiye Muprisita wedu Mukuru iko zvino. Mushure mekumuka kwaKe, mushure mokufa kwaKe, mushure mokuvigwa kwaKe, mushure mekumuka kwaKe kuvakafa, mushure mekuenda kwaKe kumusoro, ameni, Anongoramba ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiwo eutera hwedu. Amen. Ndizvo zvaAri, izvozvi, kumurume wose nemukadzi wose ari pano achazvitenda. Ndiye Muprista wedu Mukuru, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

¹⁹⁶ Anorarama nokusingaperi. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hunhu hwaKe hunogara huchingoMuzivisa ari mumwe chete sezvaAiva paAkanga achirarama ari panyika. Achiri kurarama pano, manheru ano, ari muchimiro cheMweya Mutsvene. Anogara achingorarama. Uye hunhu hwaKe hunoMutevera, sezvahwaingogara huchiita, kana iYe achiri kungorarama.

¹⁹⁷ Ndinotenda, manheru ano, kuti, “Mwari, munguva dzakare nenzira dzakawanda akataura kumadzibaba kuburikidza nevaporofita, mumazuva ano okupedzisira kubudikidza noMwanakomana waKe Jesu Kristu.”

¹⁹⁸ Ini zvangu, handina kuziva kuti ndataura nguva yakareba zvakadai. Ndakanganwa nezvazvo kuti ndizvo zvazvaita. Ndine urombo. Ndichango. . . Ndave kumira.

Ngatinamatei.

¹⁹⁹ Baba voKudenga, Mwari mukuru ane tsitsi! Ishe, ini—ini. . . pamwe ndinotaurisa. Ndinonamata, Mwari, kana ndadaro, Mundiregerere. Asi, Ishe, handigoni kukumbira ruregerero pane

zvadataura. Ndataura chaizvo izvo zvaMakataura muShoko reNyu pano.

²⁰⁰ Zvino shoko rimwe kana maviri anobva kwaMuri, Ishe, pamwe munhu wose ari pano achazviona manheru ano. Vanhu vaduku, vanorwara vachapora pavachaona kuti iMi muchiri Muprisita wedu Mukuru. Ndinonamata, Ishe, mumaminitsi aya mashoma anotevera, kuti Muchaita kuti Mharidzo iyi irarame zvakare mune zvamazvirokwazvo. Kune zvadataura neShoko, dai hunhu hweNyu hwaKuzivisai pakati pedu, manheru ano, kuti iMi muri mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi, nokuti tinozvikumbira izvi nemuZita raJesu. Amen.

²⁰¹ Mirai zvishoma zvino. Isu, ini—ini ndati nonokei zvishoma, asi imi hamungatsungiriri here zvakanwana kuti tive nemutsetse womunamato muduku kwamaminitsi gumi nemashanu, makumi maviri? Kana muchida, simudza ruoko rwako, uti, “Isu...” Zvakanaka, maita—maita basa. Ndavimbisa kuti ndichakuregerai moenda nenguva dza nine-thirty. Nguva iyoyo yasvika zvino; kwasara maminitisi makumi maviri. Saka kana mukangokwanisa kundipa maminitisi anenge gumi, ndichakurumidza.

²⁰² Regai tione, vapa makadhi omunamato apiko nhasi? [Imwe hama inoti, “O.”—Mupepeti.] O? Chii, takatangira papi humwe husiku huya, motsi, motsi? [“Ndinofunga kuti yakanga iri motsi.”] Hongu, uh-huh.

²⁰³ Uyezve isu, manheru apfuura, takango...Mweya Mutsvene...Ndanga ndichiteerera nhasi, uye ndichidzokorora zvakataurwa. Mamwe acho mazita echiFrench, ndakanga... Mweya Mutsvene; nzira bedzi yandaigona kuzviita nayo, kungomirira nokuona.

²⁰⁴ Munooona, dzimwe nguva paunooona chiratidzo, chinofanira kutendeudzwa chobva chadudzirwa. Chinotodudzirwa. Chiratidzo, sezvaunga—zvaungaona gwa—gwai, zvinogona kureva makushe ehwai. Munooona, unofanirawo kuvawo zvakare nedudziro yacho, munooona, wotendeudza chiratidzo ichocho zvino wochidudzira.

²⁰⁵ Uye ndacherechedza manheru apfuura, nda—ndakatadza kududza mazita aye echiFrench, ndakatoita zvokuaperetera.

²⁰⁶ MuAfrica uye pakati pamaHottentot nemahedheni, nezvimwe, Waitozoperetera zita ravo chaizvo, kuvataurira kuti ivo ndivana ani, kuriperetera nerurimi rwavo. Ivo, vaibva vaziva zvariri, ipapo pawaingoriperetera. Asi, munooona, Iye anoziva ndimi dzose. NdiMwari Asina magumo.

²⁰⁷ Ngatitange manheru ano kubva, ngatitii, makumi manomwe neshanu, kusvika kuzana, ari O. Ndi O, ndizvo zvaataura here? Ini... [Imwe hama inoti, “Hongu. O.”—Mupepeti.] O, O. Hongu. Zvakanaka. Ndiani ane kadhi romunamato makumi manomwe neshanu, ngatirionei? Ari O, kadhi romunamato O, makumi

manomwe neshanu, simudza ruoko rwako, upi zvake anaro. Ma O. Zvakanaka. Huyai *pano* chaipo. Makumi manomwe neshanu, makumi masere, makumi masere neshanu, makumi mapfumbamwe, makumi mapfumbamwe neshanu, zana, huyai *nokuku* kana muchigona. Zvakanaka, ndizvo, itai mutsetse unokwira nokuno uku, nokukurumidza, nokuti hatizowana nguva. Ndichangovimba kuti muchazviita.

²⁰⁸ Tarisa pakadhi rako romunamato. Tarisa pakadhi romunamato romuvakidzani wako. Chii cha...Uye kana mumwe munhu akaremara, vafambisei vachitevera mutsetse wekunamatira. Saka kana vachingova na O, sokungoti O, makumi manomwe-...

²⁰⁹ Makumi manomwe neshanu kusvika kuzana, itai mutsetse iko kuno *uku*, kana muchikwanisa. Chero kwese kwamuri, mumabharikoni, chero kwese kune vamwe, burukai zasi muuye, uye muuye kumutsetse nokukasira kwese kwamungagona, kana muchikwanisa, kuitira kuchengetedza nguva.

²¹⁰ Zvino vamwe vese pano, vasina kadhi romunamato, mungasimudza here maoko enyu muchiti, “Handina kadhi romunamato, Hama Branham, asi ndinotenda”? Simudzai maoko enyu.

²¹¹ Zvino rangarirai, ndichataura nemi pamusoro peMuprisita Mukuru. “Ndiye Muprisita Mukuru uyo anokwanisa kubatikana nemanzwiwo ehutera hwedu.” Ndiye *Jehovha-Jire*, “chipiriso chakapiwa naIshe.” Ndiye *Jehovha-Rafa*, “Ishe vanopodza zvirwere zvako zvose.” Munozvitenda here izvi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndiye *Jehovha-Manase*. *Mudziviriri, nhovo, rugare* rwedu, Achakangodaro. Zvakanaka, vangani vanotenda kuti ose mazita aya okudzikinura aJehovha akashandiswa pana Jesu? [“Ameni.”] Chokwadi, Aifanira kudaro. Kana iYe—kana iYe...Sei, haapatsanuriki, saka Aifanira kuva mazita aya ose. Zvino kana Achiri Jehovha-Jire, Ari Jehovha-Rafa. Kana Ari Jehovha-Jire...Iye ndi*Jehovha-Jire*, ari “chipiriso chakapiwa naShe choruponiso,” zvino Ndi*Jehovha-Rafa* uyo “anopodza zvirwere zvedu zvose.” Ameni. Kupodzwa kunouya bedzi naMwari.

²¹² Zvakanaka, vanhu vachiita mutsetse; handina nguva yokuona kuti ndivana ani uye kuti vakaita sei. Asi zvino, vese kunze uko vanoziva kuti handikuzivii, simudza ruoko rwako, woti, “Ndine chishuwo chokuda Mwari. Asi hamundizivi, Hama Branham, asi ndine chishuwo chokuda Mwari. Ndichasimudza ruoko rwangu.”

²¹³ Zvino kana mukambogadzikana kwemaminitisi mashoma, motarisisa, chenjererai, nyararai. Zvino handirevi, kana ndichiti, “nyararai,”...Kana Ishe vakaita chimwe chinhu, unenge woda kurumbidza Ishe; ikoko kushumira. Asi zvandinoreva, “kungomhanya-mhanya, nokusimuka,”

munoziva, kusaremekedza. Maona? Zvino Mweya Mutsvene unoteta zvakanyanya, unoteta zvakanyanya. Maona? Chese chakangofanana naichocho, unobva wangondisiya, uye ndinofanira kurwisa zvino, zvakare, munoona. Asi kana mukateerera!

214 Munorangarira vimbiso yaKe yokutanga? “Ita kuti vanhu vakutende, uye zvino woperera, hapana chichamira pamberi pemunamato wacho.” Munorangarira izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndizvozvo chaizvo. Uye ndizvo. . . Handisati ndamboona zvichikundikana nazvino, uye hazvikundikani. NdiMwari.

215 Zvino tichakurumidza nemutsetse uyu womunamato, kuitira kuti tiwane vakawanda vatinokwanisa kuti vapfuure, nokuda kwevanhu. Asi imi mune makadhi omunamato musina kudaidzwa manheru ano, bata kadhi rako, tichazokudana. Zvakanaka.

216 Zvino imi muri kunze uko musina makadhi omunamato, rangarirai. Kana, imi kunze uko, zvisinei kuti mune makadhi omunamato here kana kwete, ingotendai kuti iYe ari savaHebheru chitsauko 4 pano. “Ndiye Muprisita Mukuru anokwanisa kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu.” Munoona kana Akaramba akadaro. . . Munoona kana Jehovha aZvimiririra pakati pevanhu vaKe, sezvaAkaita mumazuva eSodhoma. Zvakanaka.

217 Zvakanaka, changamire. Zvino ngatinamate, zvino, ivai noruremekedzo zvakanyanya. Zvino rangarirai, Shoko rimwe rinobva kuna Mwari rinopfuura zvingataurwa nemunhu upi zvake. Zvino, murume uyu pano, ini—ini handimuzivi. Uye ndinofungidzira ari. . . Imi muri munhu wandisingazive, muri here, changamire? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Muri munhu wandisingazivi. Tinoziva chinhu chimwe chete, chokuti tose tiri vaviri tinofanira kuzomira muHupo hwaMwari rimwe zuva; semunhu, tinofanira kusangana Ikoko. Uku ndiko kusangana kwedu kwokutanga.

218 Zvino kana ukauya pano, kana uchirwara, ini handizivi; zvinogona kuva zvimwewo zvinhu, maona. Asi kana ndi—kana ndikaisa maoko pamusoro pako, ndoti, “Ishe ngaarumbidzwe! Enda, unopora.” Izvozvo zvakanaka. Unogona kutenda izvozvo. Asi ko kana Akakuudza zvinokunetsa? Zvino, munoona, izvozvo zvakasiyana, zvadaro izvozvo zvinozivisa hunhu hwaKe. Munoona, uhu haungambova hunhu hwangu. Ndiri munhu; handina chandingaziva pamusoro pake. Ndichangomuudza, “Handikuzivi.” Iye haandizivi. Asi chii chazvingaita? Zvingabva zvaratidza hunhu hwaJesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Nokuziva kuti hazvigoni kuti ange ari ini, hazvigoni kuti ange ari ini, nokuti handizivi murume

wacho. Ndichasimudza ruoko rwangu; *herino* Shoko. Maona? Handimuzivi. Iye haandizivi. Asi hunhu hwaJesu Kristu. . .

219 Dai Jesu anga akamira pano, uye uyu, achirwara, kana dai aiti, “Ishe Jesu, ndipodzeiwo,” ko Jesu waiti chii kwaari? “Ndakatozviita kare.” Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

220 “Wakakuvadzirwa kudarika kwedu; nemavanga aKe takapodzwa.” Rudzikinuro rwose rwatingakwanisa kuva narwo rwakabhadharwa paKarivhari. Kubva ipapo zvichienda mberi, kwave kutenda, kutenda basa rakapedzwa. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka.

221 Zvino, iye zvino kana Jesu ari mupenyu, uye ini ndataura pamusoro peShoko raKe. . .Hezvoka, kudzokera paunyoru huya nokutenda, kutenda Shoko raKe. PaAkasangana neni husiku huya, Akati, “Uchasvika pokuti uchatozoziva kunyange zvakavanzika zvemoyo yavo. Vakatazva kutenda chiratidzo chokutanga choruoko, vachatofanira kutenda ichi.” Maona? “Vakasadaro, zvino ropa rinobva ratuka nyika.”

222 Sezvazvakaita munguva yaMosesi. Zvakanzi, “Vakarega kutenda zviratidzo izvi zviviri, zvino chidurura ropa panyika,” munoono, “durura mvura pamusoro penyika, inobva yashanduka kuva ropa.”

223 Zvino kungoona zvazviri, kana ndikangokwanisa kuona kuti dambudziko rako chii, izvozvo zvinogona kukugutsa nokukuita kuti utende, hazvingadaro here? [Hama inoti, “Chokwadi.”—Mupepeti.] Munoziva kuti hunofanira kunge huri hunhu hweMunhu wandiri kutaura pamusoro paKe, Jesu Kristu.

224 Murume uyu, pandangomutarisa izvozvi, afamba kuenda shure. Ane mumvuri wakamufukidza. Hakuna kana chinhu chimwe icho mushonga chaungagona kubatsira murume uyu. Ari muchinhano chekufa. Ndizvozvo. Akambovhayiwa, uye aivhiyiwa prostate. Uye iyoyo ikenza, uye kenza iyi yakapararira muviri wako wose. Kana ichi chiri chokwadi, simudza ruoko rwako. Mwari bedzi ndiye anogona kumupodza. [Hama inoti, “Hareruya! Hareruya! Hareruya!”—Mupepeti.] Asi, tarirai, ndinoda kutaura chimwe chinhu kwamuri, changamire. Dhimoni iroro rinogona kunge rakahwanda kubva kubanga rachiremba, asi harigoni kuhwanda kubva kuna Mwari. Munozvitenda here? Munozvitenda here izvi? [“O! O!”] Zvino ndava kunamata, kuti, nemuZita raJesu Kristu, dai chinhu ichi chikamusiya, dai murume uyu ararama. Hapana chiripo; kungopera simba bedzi. Zvakanaka.

225 Iwe neni hatizivani, murume nemudzimai vasangana. Zvino, somurume, handikuzivi. Uye dzimwe nguva, somudzimai, haundizivi; zvisingapfuuri sokungoona kwawaita zita rangu, kana mufananidzo, kana chimwe chakafanana naichocho. Asi hatizivani. Ndi hwo hunhu hwedu. Hatizivani hunhu

hwemumwe nomumwe. Asi hunhu hwaKristu, Iye iShoko, uye Shoko rakavimbiswa kuva rezuva rino. Mandinzwa ndichitaura pamusoro pazvo. Zvadaro hunhu hwaKe hunoMuzivisa pano. Kwete ini kuMuzivisa. Ini handikuzivi. Unozvinzwisisa. Ungano yedu—yedu munozvinzwisisa here izvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona? Ini—ini ndiri munhu. Ndinongova hama yenyu bedzi.

226 Somudzimai wepatsime, toti pane chakakanganisika, chimwe chinhu chakakanganisika pauri, kana kuti chimwe chaunoda, kana kuti chawavinga pano. Regai Mwari ave mutongi waizvozvo. Uri kurwara nechinhano chekushaiwa ropa. Ndizvozvo, hazvisi here? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.]

227 Ndi—ndinogarorova izvozvo, mumwe munhu ari kufunga kuti ndazvifembera. Handifemberi izvi. Kwete. Pano neapo, ndinozvinzwa izvi, mumwe munhu. Haukwanisi kuviga pfungwa dzako zvino. Zvino pane vanenge, ndinoziva, vatsoropodzi vaviri vakaipa kwazvo vakagara pano. Maona? Saka zvino rangarira ndinokwanisa kudana zita rako, zvakare, Mwari vanokwanisa, saka chirega kufunga izvozvo. Regai ndikuratidzei.

228 Tarira kuno, mudzimai. Tarira kwandiri. Handizivi zvaAkuudza, asi ndi—ndinoziva zvaAri. Uye ndihwo hunhu hwaKe huchiratidzwa. Hongu, chinhano chekuva neropa shoma, ropa, mvura.

229 Zvino, pano, hepanoi chimwe chinhu. Onai kana vachifunga kuti uku kufembera. Mune mwana wamuri kunamatira, ari pano. [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Ndizvozvo. Anazvo, pahuro pake, [“Hongu.”], maronda pahuro, akazvimba mukati memhino. Ari kuda kuzovhiyiwa. Handizvo here? [“Hongu.”] Torai hengechepfu iyoyo monoiisa paari, uye motenda. [“Hongu.”] Musapokana. Haachadi kuzovhiyiwa. Zvino tendai nemoyo wenyu wose.

230 Makadini? Zviripo ndezvokuti, pamudzimai uyu pano, kuti muri kutya chimwe chinhu. Muri kutya kuti vanga ramakazvarwa naro rashanduka kuva kenza. Uh-huh, uh-huh. Zvino endai, muchitenda, uye hazvizovi saizvozvo. Ingoendai, muchitenda nemoyo wenyu wose. Hunhu, kwete hwangu; hwaKe!

231 Munotenda here zvino? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Izvi zvinofanira kuita kuti munhu wese atende. [“Ameni!”]

232 Zvino, handikuzivi. Ndiri munhu mutsva kwauri. Mwari anokuziva. Unozvitenda here. . . ? Unozviziva kuti handikuzivi, uye unozviziva kuti haundizivi, saka unotenda here kuti Mweya uyu uri kutaura haungavi mweya wangu? Nokuti, ini, semunhu, handikuzivi. Asi hunhu hweShoko rakavimbiswa ndiro Shoko rinopinza kupfuura munondo unocheka nemativi ose, uye rinonzvera pfungwa nezvinangwa zviri mumoyo.

233 Unorwara zvikuru. Wanga uine dambudziko remadzimai, changa chiri chibereko, uye chibereko ichi changa chiine kenza. Uye wakaenda ukanotsvaka kurapwa, kwanga kuri kurapwa nekupiswa-piswa, uye chinhu choga chazvakaita kuiparadzira nomuviri wose. Uye ucha—uchafa kana Mwari akasakupodza. Ndicho chokwadi. Unotenda here zvino kuti iYe achakupodza? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Mwari woKudenga ngaatsiure dhimoni iroro rakavanda kubva kuna chiremba. [“O!”] Anogona kunge akahwanda kubva pakupiswa, asi kwete kubva kuMweya Mutsvene. Enda, uMutende, zvino, hanzvadzi. Usapokana zvachose, asi tenda.

234 Unotenda here kuti Mwari anogona kukupodza kurwara kwako neasima, nokukuita kuti unzwe zvakanaka? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Unozvitenda? Nokudaro chienda hako, uchifara, uchiti, “NdinoKutendai, Ishe. Ndinotenda kuti asima yangu yapera.”

235 Wakadiniko? Uri kuhuta-huta. Wanga uchihuta-huta kwenguva refu. Imomo, zvakonzera ronda kuvamo mudumbu mako, rinokuita kuti—mudumbu mako murwadze. Uye iwe unoda . . . Unoda kudya svusvuro yako yamanheru? Uchaita here zvandinokuudza kuti uite? Enda, udye, nemuZita raIshe Jesu.

236 Unotenda here nomoyo wako wose? [Hanzvadzi inoti, “Ndinodaro.”—Mupepeti.] Uri mudzimai wechiduku akanaka zvikuru kwazvo, ndiko kuratidzika kwazvo. Unonditenda here kuti ndiri muranda waKe? [“Ameni.”] Unotenda here kuti hunhu hwaKe hunogona kuvawo pano, kuti . . . Shoko, pachaRo, nevimbiso yezuva ranhasi, “Mabasa Andinoita nemi muchaaaitawo”? [“Ameni.”] Ini handigoni kupodza. Iye akatozviiita kare; asi hunhu hwaKe hunoMuisa pachena, hunogona kutaura kuti chii chakakanganisika pauri. Une dambudziko ramadzimai, dambudziko rechidzimai. [“Hongu, changamire.”] Unotenda here kuti Mwari anoripodza izvozvi? [“Hongu. Amen.”] Chienda hako, harizokutambudzizve. Tenda nemoyo wako wose.

237 Unonditenda here kuti ndiri muranda waKe? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Kana Mwari akandiudza dambudziko rako, uchatenda here kuti hunhu hwaJesu Kristu? Zviri mumusana wako. Zvatopera. Enda, tenda nemoyo wako wose. Tenda.

238 Huya, mudzimai. Newewo une dambudziko remudumbu. Tenda nemoyo wako wose, uye ugoenda undodya kudya kwako kwemanheru. Kanganwa nezvazvo. Jesu Kristu anokupodza.

239 Huya. Dambudziko rako iropa rako. Une chirwere cheshuga. Unotenda here kuti Mwari uchakuita kuti unzwe zvakanaka nokukupodza pazviri? Chienda hako, uchiti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu,” anokuita kuti unzwe zvakanaka. Enda, tenda nemwoyo wako wose.

240 Huya. Musana wako, unotenda here kuti Mwari achapodza musana nokukuita kuti unzwe zvakanaka? Chienda hako, uchifara, uchiti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu.”

241 Newewo pane changa chakakanganisika nomusana wako. Ingoramba uchifamba, uchiti, “NdinoKutendai, Ishe. Ndapora.” Zvitende nemoyo wako wose.

242 Newevo wanga uine dambudziko remusana. Chii chaunoziva pamusoro paizvozvo? Tenda nomoyo wako wose zvino, zvino chienda hako unopora. Tenda kuti Jesu Kristu anokuita kuti unzwe zvakanaka. “Kana ukatenda, zvinhu zvose zvinogoneka.” Zvakanaka.

243 Ko kana ndikasataura chimwe chinhu kwauri, ndongopfuura ndoisa maoko pamusoro pake, unotenda here kuti anopora? Vanoona zvakakanganisika. Unotenda here kuti anozodaro? Huya pano. Ndinorwisa dhimoni iri, nemuZita raJesu Kristu. Dai simba raMwari rapodza mwana uyu. Amen. Usapokana, usapokana zvachose, mwana achapora. Tenda nomoyo wako wose.

244 Kana Mwari akasakupodza, uchafamba nedondoro rimwe zuva, nokuda kwearthritis. Asi unotenda here kuti Mwari anokupodza arthritis yako? Nokudaro enda, uti, “NdinoKutendai, Ishe. NdichaKutendai, uye iMi munondipodza.” Zvakanaka.

245 Huya zvino. Nyaya yacho chaiyo ndeyezera rako. Unohuta-huta kwazvo. Unotanga kuhuta-huta zvakanyanya, pakati pousiku. Paunoshanda uye nezvimwe zvose, unonyatsohuta-huta kwazo. Unotenda here zvino? Hazvichakunetsizve zvachose. Chienda hako, uchiti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu.”

246 Huyai, changamire. Munotenda here kuti Mwari anopodza dambudziko romoyo? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Anonatsa moyo wako? Ingoramba uchifamba, uchiti, “NdinoKutendai, Ishe. Ndinotenda nomoyo wangu wose.”

247 Mwari unopodza TB, uye anokuitai kuti munzwe zvakanaka, zvakare. Munozvitenda here izvozvo, changamire, nomoyo wenyu wose? [Hama inoti, “Ndinozvitenda.”—Mupepeti.] Zvakanaka. Chiendai henyu uye muchifara, muchiti, “NdinoKutendai, Ishe Jesu.”

248 Ko iwe kunze uko, unotenda here? Ko imi ungoro? Vamwe venyu vari muungano umu chitendai zvino.

249 Murume uyu akagara pano apa chaipo, gosoro, unotenda here kuti Mwari anokupodza padambudziko regosoro? Zvakanaka, unogona kugamuchira zvawakumbira, saizvozvo. Amen.

250 B.P., imi makagara seri kwemurume uyu apo. Munotenda here kuti Mwari anokupodzai B.P. yenyu? Yatokusiyai,

changamire. Handivazivi, handina kumbovaona muupenyu hwangu.


²⁵¹ Nhandi, changamire, munotenda here kuti kugwinha-gwinha kuri munyama dzenyu, kugwinha kwenyama dzinotamba-tamba dzega, munotenda here kuti Mwari achaiita kuti zviite zvakanaka? Munodaro? Simudzai ruoko rwenyu kana muchitenda. Zvakanaka.

²⁵² Mudzimai wenyu agere apo, ari kutambudzwa nedambudziko resinus. Munotenda here kuti zvinokusiyai, nemiwo, hanzvadzi?

²⁵³ Mudzimai akagara kumashure kwedu uko, ane tsinga dzakazvimba. Munotenda here kuti Mwari anokupodzai tsinga dzenyu dzakazvimba, amai?

²⁵⁴ Pano pane mudzimai akapfeka bhachi diki, ane bhachi dzvuku, pano. Akagara apo. Ane dambudziko resinus, zvakare. Unotenda here kuti Mwari anokupodza dambudziko rako resinus? Simudza ruoko rwako, kana uchizvitenda.

²⁵⁵ Pane here ari muno anotenda kuti hunhu hwaJesu Kristu huri pakati pedu, manheru ano, simudza ruoko rwako, uti, “Ndinozvitenda.” [Ungano inopembera uye ichiti, “Ndinozvitenda!”—Mupepeti.]

²⁵⁶ Vose vari muno, vanoMugamuchira somupodzi wavo, simukai netsoka dzenyu, muti, “Ndinozvitenda.” Simukai. Simukai, kubva pazvigaro zvenyu, chero pangava pai. Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndinopa kwamuri, nemuZita raIshe Mwari. 

MWARI ACHIZVIZIVISA PACHAKE
KUBUDIKIDZA NEHUNHU HWAKE SHO64-0320
(God Identifying Himself By His Characteristics)

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chishanu Manheru, 20 Kurume, 1964, paDenham Springs High School muDenham Springs, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org